ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№23 (22.931) • 2015 гъэм мазаем (февралым) и 10, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуа дипломат гъуэзэджэ Дубинин Юрий и цIэр Налшык и уэрамымрэ школымрэ фIащащ

КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыIущIащ УФ-м Нэгъуэщ къэрал Iуэхуэмкlэ и министерствэм и делегацэм

Дубининэ Натальерэ Халевинский Игоррэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуа дипломат гъуэзэджэ, СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я полномочнэ лIыкIуэу США-м, Европэм и нэгъуэщI къэралхэм щыIа, СССР-м кьыбгъэдэкIыу зэпымыууэ ООН-м щылэжьа, иужьрей илъэсхэм УФ-м нэгъуэщI къэрал Iуэхуэмкlэ и министрым и къуэдзэу щыта Дубинин Юрий и цIэр фIащащ Налшык и уэрамымрэ школымрэ. Абы и фэеплъыр мыкIуэдыжын щIынымкIэ жэрдэм къыхилъхьэу КIуэкIуэ Юрий зыкъыхуигъэзащ Урысей Федерацэм нэгъуэщI къэрал Iуэхуэмкlэ и министр Лавров Сергей. Ар сыт и лъэныкъуэкIи даIыгъащ икIи абы хуэунэтIащ республикэм и унафэщIхэм ялэжь Iуэхугъуэхэм техуащ.

КъБР-м и Iэтащхьэр дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щыIущIащ Урысейм Нэгъуэщ къэралIуэхуэмкlэ и министерствэм (МИД) и делегацэмрэ Дубинин Юрий ипхуу Наталь ерэ.

«ПщIэшхуэ зиIэ ди лъахэгъу къызэралъхуэр илъэс 85-рэ щрикъум ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм и уэрамхэм ящыщ зымрэ инджылызыбзэр куууэ щадж школымрэ дяпэкIэ Дубинин Юрий Владимир и къуэм и цIэр зэрызэрихьэнур гуапэ сщыхъуащ, - къыхигъэщащ **КIуэкIуэ Юрий**. - Абыкlэ дыкьызэтемыувыIэу дэ ди мурадщ пIалъэ кIыхьым тещIыхьа проектхэри дгъэзэщIэну, хамэ къэралыбзэхэмкlэ Дубинин Юрий и фэеплъ олимпиадзэр илъэс къэс егъэкIуэкIынри хэту. 30 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ дипломат къыщыхэкIыфакlэ, дэ ди лэжьыгъэ зэфIэкI зиIэ щIалэгъуалэм Iэмал псори къыхуэзэдгъэпэщыну, цIыху телъыдэхэм щапхъэ трахкIэрэ, Хэкум къулыкъу хуащIэнымкIэ екIуу зыкъагъэлъэгъуэфын папщIэ».

КIуэкIуэ Юрий жиIащ, жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэр жыджэру зыдицIэлэпкъыкlэрэ, УФ-м и МИД-м адэкIи дэлэжьэну зэрыльэпырыр республикэм и щIэблэр гъэсэныпрэ егъэджэнымкlэ хуэунэтIауэ.

Урысей Дипломатхэм я ассоциацэм и унафэщI **Халевинский Игорь** къытеувыIащ Урысей МИД-м и ветеран организацэм дипломат цIэрыIуэхэм ехьэлIа фэеплъ щIыпIэхэр къхэутэжьынымкlэ иригъэкIыжкI лэжьыгъэм, абы и лъэныкъуэкIэ Лавров Сергей сыт щыгъуи щIэгъэкъуэн къаззэрыхуэхьур, Дубинин Юрий и фэеплъыр мыкIуэдыжьымкlэ Налшык щыззэфIэхъэхэр и гуапэ зэрыхъуар икIи КIуэкIуэ Юрий фIыщIэ хуищIащ «гуапэу къызэрыхущытамрэ Iуэхур зэрызэхищIыкIамрэ къыхэжьIыу».

«Мыухыжьынигъэм зэпыщIэныгъэ гуэрхэр щыIэмэ, - жиIащ **Дубининэ Наталье**, - си адэр хуабжьу щигугфIыкIыу щыIэкIынщ абы и цIэр щалъхуа къалэм и уэрамым къищынэмыщIауэ, школми зэрызэрихьэнум».

ГъащIэм екъулIэныгъэ щызыIэрагъэхьэнымкIэ еджакIуэхэр тегъэгушхуэным щытепсэлъыхьым Дубининэ Наталье къыхигъэщащ абы республикэми къэралми зэрыщыту фIы къаззэрыхудэкIуэнур. «Си адэр и къуэрылъхь-пхъурылъхуэр и гъусэу куэдрэ Налшык къэкIуэжу щытащ икIи къызыхэкIам иригушхэрт», - жиIащ дипломат цIэрыIуэм и пхъум.

ЗэIущIэм и ужькIэ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ хэтащ щыкI №3-мрэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зымрэ Дубинин Юрий Владимир и къуэм и цIэр фIэщыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм.

ФщIэн папщIэ:

Дубинин Юрий Владимир и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Налшык къалэм 1930 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м къыщалъхуащ.

МГИМО-р къиухащ, тхыдэ щIэныгъэхэм и кандидатщ.

Дипломат къулыкъур - чрезвычайнэ икIи полномочнэ лIыкIуэщ.

1955 - 1956 гъэхэм - СССР-м Франджы Республикэм щIэ посольствэм и лэжьакIуэщ.

1956 - 1959 гъэхэм - Париж дэт ЮНЕСКО-м и секретариатым и лэжьакIуэщ.

1959 - 1963 гъэхэм - СССР-м и МИД-м и аппаратым щолажьэ.

1963 - 1968 гъэхэм - СССР-м Франджы Республикэм щIэ посольствэм и япэ секретащ, чэнджэщгъэщ.

1968 - 1978 гъэхэм - СССР-м и МИД-м и аппаратым и лэжьакIуэщ, къапщтэмэ, Япэ Европей куданмэм и унафэщIщ.

1978 - 1986 гъэхэм - СССР-м Испан Пащтыхьыгъуэм щIэ чрезвычайнэ икIи полномочнэ лIыкIуэщ.

1986 - 1990 гъэхэм - СССР-м зэпымыууэ ООН-м щIэ лIыкIуэщ, СССР-м США щIэ чрезвычайнэ икIи полномочнэ лIыкIуэщ.

1990 - 1991 гъэхэм - СССР-м Франджы Республикэм щIэ чрезвычайнэ икIи полномочнэ лIыкIуэщ.

1991 - 1994 гъэхэм - Урысей и МИД-м пщэрылъ щхьэхуэхэмкlэ и лIыкIуэщ.

1994 - 1996 гъэхэм - Урысей Федерацэм Нэгъуэщ къэрал Iуэхуэмкlэ и министрым и къуэдзэщ.

1996 - 1999 гъэхэм - Урысей Федерацэм Украинэм щIэ чрезвычайнэ икIи полномочнэ лIыкIуэщ, Урысей Федерацэм Нэгъуэщ къэрал Iуэхуэмкlэ и министрым и къуэдзэ мыхьэнэр иIэу.

Урысей МИД-м и МГИМО-м и профессорщ.

ЩIыхьым и орденыр, ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь орденыр (щэнейрэ), Лъэпкъ Зэныбжьэгъугъэм и орденыр, ЩIыхьым и дамыгъэ орденыр къыхуагъэфэщащ.

Урысей Федерацэм и къэрал щIыб унэтIыныгъэр зэрыпхигъэкIам къыпэкIуэу икIи илъэс кудкIэ дипломат Iуэхугъуэр хьэлэлу зэрырихьэкIам и фIыгъэкIэ «Урысей Федерацэм и дипломат кулыкъым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

«И фIыщIэхэм папщIэ» орденым и командорщ (Франджы), «И фIыщIэхэм папщIэ» 2-нэ нагыщащ (Украинэ), Даниил Московскэ джыназ щыхьым и орденым и III нагыщщэр (РПЦ, 2011 гъэ) - и мамырщIэкъуэ лэжьыгъэхэм къыпэкIуэу икIи и ныбжьыр илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу къыхуагъэфэщащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1аIп1э.

ПщIэ лъагэ

Мазаем и 9-м, Дипломат лэжьакIуэм и махуэм и пэ къихуэу, Налшык дэт курыт еджапIэ №3-м (инджылызыбзэр куууэ щрагъэджым) зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. Школым яхуеблэгъат Урысей дипломатхэм я Ассоциацэм и Советым и тхьэмадэ Халевинский Игорь, дипломат цIэрыIуэ Дубинин Юрий ипхъу Дубининэ Наталье, Налшык къалэ администрацэм и унафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министр Емуэ Нинэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

ХьЭЩIэ лъапIэхэр фIэхъуэкIэ школым и унафэщI **Муравьев Игорь** иригъэблагъэ иужь, псалъэ иратащ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**.

- Дэ нобэ и фэеплъыр догъэлъапIэ цIыхуэхуэ, дипломат телъыджэ, XX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм дунейпсо политикэм зи цIэр фIыкIэ щыIуа, абы хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа лIы щэджащэ Дубинин Юрий. Ар ди къэралым и лIыкIуэу Испаниемрэ ООН-м, США-м, Франджым щыIащ, икIи дэнэ щIыпIи ди къэралым и фIыр щигъэлъэгъуэну, абы пщIэ къыхуригъэщIыну яужь ит зэпытт. Ар цIыху гъэщIэгъуэнт, щIэныгъэкуу зиIэт, куэдым хэзыщIыкIт, арат абы и лэжьыгъэр фIыуэ къыщIехьулIэр. Нобэ лIы щэджащэм и цIэр ди къалэ уэрамымрэ инджылызыбзэр куууэ щадж школымрэ фIэщыныр абы и пщIэм хуэфащэу къызолъытэ. Дубининым и гъащIэр щIыхьрэ Iулыджрэ зэрыхуэфащэм щIыхьэт тохьуэ. Абы и Iуэху зэфIэкIыкIэхэмкlэ и акъылыфIагъэр нэIурыт ищI зэпытт. Дэ хуабжьу дрогушхуэ ар ди щIыналъэм къызэрыщалъхуам, икIи быдэу ди фIэщ мэхъу школакIуэ цIыкIуэм ар щапхъэ зэрахуэхъунур, Дубинин Юрий хуэдэу цIыху цIэрыIуэхэр, къэралым хуэщхьэпэнхэр къаззрыкэкIынур, - жиIащ Къуэдзокъуэм.

Дубинин Юрий Урысей дипломатием хуищIа хэлъхьэныгъэр къалъытэри, Налшык къалэ Советым унафэ къищтащ Налшык дэт курыт еджапIэ №3-м, апхуэдэуи къалэ уэрамхэм ящыщ зым Дубинин Юрий и цIэр яфIэщыным теухуауэ.

КъыкIэльыкIуэу ныбжьыщIэ цIыкIуэм ирагъэкIуэкIа урок зэIухар хьэкIэхэми бысымхэми гъэщIэгъуэн ящыхъуат. ШокIакIуэхэр тепсэлъыхьащ дипломатием къежьапIэ хуэхъуам, абы къэралым дежкIэ иIэ мыхьэнэм, Дубинин Юрий и гъащIэ гъуэгуанэм.

Дубинин Юрий жэпуэгъуэм и 7-м 1930 гъэм Налшык къалэ къыщалъхуащ. Ар илъэс 11-м иту Хэку заузэхуэм хиубыдащ. Абы Iэщ1агъэ хуэхъунур пасэу къыхихат, икIи школ нэужьым, куэдрэ мыгупсысэу, МГИМО-м щIэтIысхьащ. 1955 гъэм ар ССР-м Франджым щIэ посольствэм щылэжьэну къыхуагъэфэщащ. ССР-м Франджым щIэ посольствэм чэнджэщгъэуу, япэ секретару 1963-1968 гъэхэм пажьащ. Абы иужькIэ ССР-м и Чрезвычайнэ, полномочнэ лIыкIуэу Испан Пащтыхьыгъуэм, США-м, Франджым, Украинэм щылащ. Урысей Федерацэм хамэ къэрал Iуэхуэмкlэ и министрым и къуэдзэу лажьащ.

1999 гъэм пенсэм тIысыжауэ щытащ. 2013 гъэм дыгъэгъаззм и 20-м Дубинин Юрий дунейм ехыжащ. Дипломат цIэрыIуэм къэралым хуищIар гуэнэшэщ, абы хуэзфIэкIар къыщIрабжэкIкIэ умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Зэрызэжьам, и Iэщ1агъэм и щхьхэр къыщиIуэтэж тхьылъ зыбжанэ абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Уеблэмэ, Дубининым и цIэр планетхэм ящыщ зым зэрехьэ.

Дипломат щаджащэр и Iуэхущ1афхэмкlэ щыхьэт техъуэн хуэзфIэкIащ дахэм къимышэр Iейм къызэримыхьыр. Абы ипхъу **Дубининэ Наталье** жиIащ и адэр фIыуэ емыгупсысауэ зы Iуэхуи ищIэу зэрыщымытар.

- Си адэм жиIэрейт «Уи жагъуэгъуэм утекIуэнрэ къым, атIэ угурыIуэныщ нэхъыщхьэр». Дипломат хъуну хуей дэтхэнэми а псалъэхэр сабэп хуэхъуну къысщохъу. Дипломатиер зэгурыIуэныгъэм и зы Iэмалщ. Дунейм зиужьын папщIэ цIыхухэр зэгурыIуэн хуейщ, арыншауэ зэбгъэхъулIэфыныIа къым. Сэ хуабжьу дрогушуэ си адэм и цIэр ар къащалъхуа щыналъэмит школхэм ящыщ зым зэрызэрихьэнум, икIи сыщогугъ мы еджапIэм щыщ ныбжьыщIэхэм дипломат къахэкIыну, - захуигъэзащ абы къызэхуэсахэм.

Урок дахэм хэтахэмрэ ар къызэзэгъэпэщахэмрэ я фIыщIэ яхуиIащ вице-премьер **Емуэ Нинэ**.

- Дипломатым и лэжьыгъэм, абы и гъащIэм мамыр гъащIэм гу щыпIытэркъым, ауэ къэрал зэщыIей, зэрызехьэ къызэрыхьуу ахэр дэлэп пэжу къэралым къыкъуовэри зэгурыIуэныгъэм толажьэ, - жиIащ абы.

Емузым къыхихьыжащ Дубинин Юрий и фэеплъ зэпеуэ ди республикэм щрагъэкIуэкIыну.

ЗэIущIэм хэта ныбжьыщIэхэм IэмалятIэ зэхуэмыдэхэмкlэ зыхуагъэзэну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Мамхэгъ Хьэчим Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэщ

Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и 43-нэ сессием мазаем и 6-м щыхэплъащ Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм пэрыувэну къаГалъэгъуэ кандидатурэу щым.

Къагъэлъэгъуахэм я зэфIэкIымрэ щIэныгъэмрэ къащыта, я къэпсэлъэныгъэм едалъэу дэтхэнэми щхьэхуэу хуэзэжа иужькIэ, депутатхэм зэдзарэзыуэ Мамхэгъ Хьэчим Хьэсэн и телъхьэу Iэ яIэтащ.

ФщIэн папщIэ: Мамхэгъ Хьэчим Хьэсэн и къуэр КъБР-м хыхьэ Бахъсэн районым и Куба къуажэм 1975 гъэм къыщалъхуащ. Москва къэрал индустриальнэ университетыр, Физическэ щэнхабзэмкlэ, спортымрэ туризмэмкlэ Урысей къэрал университетыр къиухащ.

КъуэкIыпIэ Iэпщэрыбанэмкlэ Республикэ спорт школым, КъБР-м Спортымрэ туризмэмкlэ и министерствэм и Специализированнэ спорт школ зэхэтым я унафэщIу щытащ. 2011 гъэм къыщыщIэдзауэ КъБР-м спортымкlэ и министрым и къуэдзэу лэжьащ. 2014 гъэм и щэкIуэгъуэм щегъэжьауэ Бахъсэн къалэм и щIыпIэ администрацэм унафэщIым и къалэнхэр игъэзэщащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ. КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ. Урысейм щIыхь зиIэ и тренерщ.

Уасэхэм щIыхэхъуар зэхагъэкI

Къэралым и экономикэр щытыкIэ гугъум зэритыр къагъэсэбэпри, щIыпIэ куэдым зэуэ щыхагъэхъуащ ерыскъыпхъэхэм я уасэхэм. Ар къызыхэкIар зэхагъэкI УФ-м Экономикэ зыужьынымкlэ и министерствэм и Iэщ1агъэлIхэм.

«Москва и мызакъуэу, дэ къэралым и нэгъуэщI щIыпIэ куэдми дыщыщIэупщIащ ерыскъыхэкIхэм я уасэхэр зыхуэдизым, абы хэм зэрызахъуэжа щыкIэм. НаIуэ къызэрыхъуамкlэ, цIыхухэр нэхъыбэу зыгъэутхъэусыхэр фошыгъур, тхъуийр, джэдыкIэр, къэбыстэр куэдкIэ нэхъ лъапIэ зэрыхъуарщ. Уасэхэр щIыдрагъэуеям и щхьэхуэгъуэхэр зэхэдгъэкIынурэ, Правительствэм абыкIэ хъыбар едгъэщIэжынущ. Уасэхэр дэ дгъэува хуэдэу ягъэIу хъыбархэр пэжкъым», - щыжаIащ УФ-м Экономикэ зыужьынымкlэ и министерствэм.

Накъыгъэм и 10-м траухуэ

Польшэм и президент хэхыныгъэхэр щекIуэкIынур яубзыхуащ. Ахэр мы гъэм накъыгъэм и 10-м траухуащ.



♦Дипломат лэжьакIуэм и махуэщ

Апхуэдэ хъыбар журналистхэм кьажриIащ къэрал сеймым и унафэщI Сикорский Радослав. А махуэм кандидатхэм зыхуеину процент бжыгъэр къахуэмыхьмэ, а къулыкъур зыльысынур хэтми накъыгъэм и 24-м екIуэкIыну къыкIэльыкIуэ Iэлэтым щызэхэкIыну араща.

Зыпэплъэр къосри, жаIэр къохъу

Хэт илъэгъуа кхъухьлъатэм иту цIыхухэр къракъэкIыу? Мыгувэу апхуэдэ къэхъуну жаIэ.

Китаим щылажьэ «Спринг Эйрлайнз» авиакомпанием и мурадщ цIыхухэр, автобусым тIысыпIэ къызыщылъымысахэм хуэдэу, кириш экIыну. 2008 гъэ лъандэрэ яужь итщ а гупсысэр нахуапIэ хъуным. Ар къызыхэкIар кхъухьлъатэхэми мафIэгуэкIми я билетхэр Китаим икъуэкIэ зэрыщызэпэубыдарщ.

Ауэ Iуэхур хъуэпсапIэ къудейм тепщIыхь хъунукъым икIи авиакомпанием и лэжьакIуэхэм къагуроIуэ я мурадыр тыншу къаззремыхъулIэнур. Ягъэрауэ, кхъухьлъатэхэр зыщIхэм абы теухуауэ ягурыIуэн хуейщ, тIысыпIэхэм нэмыщI, увыпIэхэри абы хуэщIауэ щытын папщIэ. Апхуэдэуи къэрал унафэщIхэм я арэзыныгъэ хэлъыпхъэщ Iуэхум, кьимыдэкIэ, я цIыхухэри хуэгъахьэзырын хуейкъэ зэфIэту уэгум ихьэным? Апхуэдизу iпэпощхьэпо къапэщылIми, абы игъэшынэркъым а зэрдэмыр гъэззэщIэным яужь ихьахэр. Хэт ищIэрэ, дэри тпъагъынкIэ хъунщ апхуэдэ: зыпэплъэр къосри, жаIэр кхъоху.

♦Пушкин Александр и фэеплъ махуэщ. 1837 гъэм урыс усакIуэшхуэ Пушкин Александр дунейм ехыжащ.

♦Кавказ Ищхъэрэ республикэм и гъэзэщIакIуэ комитет нэхъыщхьэм и унафэщIу щыта **Куэцэ Пщымахуэ** къызэралъхурэ илъэси 132-рэ ирокъу.

♦УзэщIакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и япэ редактору щыта, «Адыгэбзэ» тхылъыр зэхэзылъхьа **Хъуран Батий** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артист **Сонэ Мухьэрбий** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и агроном **Мысрокъуэ Беслъэн** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, Кубаным щIэныгъэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Сэкий (КIарэ) Риммэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦ТхакIуэ, публицист, критик, УФ-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КхъуэлIуфэ Хьэчим** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Дэхъу Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦ЖьылагъуэлэжьакIуэ, хьэрычэтыщIэ, псапащIэ **Едыдж Нихьэ** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Вы пIалъэмыщIэр бжьыкъутэщ.

Ди къуэш республикэхэм

Агроиндустрие парк яухуэ

АДЫГЕЙ. **Гектар 17,5-рэ къызэщIэзыубыдэ агроиндустрие парк Мейкъуапэ щаухуэну я мурадщ. Абы хьыхьэнущ тонни 3-6-м хуэщIа хадэхэкI, пхъащхьэмыщхъэ хъумапIэ, оптовэ рынок, теплицэ комплекс, илъэсым бдзэжьей тонни 2-м нэблагъэм щелэжьыну завод, нэгъуэщIхэри.**

- АГРОПРОМПАРКЫМ мыхьэнэшхуэ иIэнущ мэкъумэш продукцэм елэжьыным, зегъэужьыным икIи импортым и пIэ иувэну программмэр пхыгъэкIыным хэлъхьэныгъэ хуищIынущ, промышленнэ Iэнатlэр иригъэфIэкIуэнущ, къалэм лжьыгъэ Iэнатlэхэр къащыщIэзригъэпэщынущ, - жиIащ Мейкъуапэ и Iэтащхьэ Наролин Александр .

Мы зэманым инвесторхэр къызэрыращэлIэным, агропромпаркым и проектыр зэхэгъэувэным яужь итщ.

ЛIыхъужьым и Iэдакъэщ1экIхэр къыдагъэкI

Совет Союзым и ЛIыхъужь Андырхъуей Хъусен и Iэдакъэщ1экIхэр щыз1эхуэхьэса тхылъ Адыгейм къыщыдагъэкIыну я мурадщ.

2015 ГЪЭР Литературэм и илъэсу Урысейм щагъэуващ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр литературэм и гугъуехьэм гу лъегъэтэнырщ, тхылъ еджэным нэхъри зегъэубгъуынырщ. Адыгейм и вице-премьер Широковэ Наталье и пашэу Литературэм и илъэсыр егъэкIыныimmкIэ республикэм и къызэгъэпэщакIуэ комитетым и зэIущIэхэм диплом къахэкIыну, - захуигъэзащ абы къызэхуэсахэм.

Урок дахэм хэтахэмрэ ар къызэзэгъэпэщахэмрэ я фIыщIэ яхуиIащ вице-премьер **Емуэ Нинэ*.**

- Дипломатым и лэжьыгъэм, абы и гъащIэм мамыр гъащIэм гу щыпIытэркъым, ауэ къэрал зэщыIей, зэрызехьэ къызэрыхьуу ахэр дэлэп пэжу къэралым къыкъуовэри зэгурыIуэныгъэм толажьэ, - жиIащ абы.

Емузым къыхихьыжащ Дубинин Юрий и фэеплъ зэпеуэ ди республикэм щрагъэкIуэкIыну.

ЗэIущIэм хэта ныбжьыщIэхэм IэмалятIэ зэхуэмыдэхэмкlэ зыхуагъэзэну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Мазаем и 15 пщIондэ

КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхуэхэр Iэнатlэхэмкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкlэ и министерствэм лэжьыгъэ Iэнатlэ пэрытхэм я бынхэм путевкэ къахудэхьынымкlэ Iуэху иregъэкIуэкI.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ щыIэ Iуэхущ1анIэхэм, зэгурыIуэныгъэхэм щылажьэхэм ар къаIэрыхьэну зэрыхуейм щыхьэт техьэу тхыгъэ ирагъэкIын хуейщ. Социальнэ къыщхьэщыжьныгъэмкlэ щхьэж зыщыпсэу щIыпIэм щыIэ Iуэхущ1анIэхэм е профсоюзхэм я республикэ комитетым. Тхыгъэр ебгъэхь хъунущ дызэрыт илъэсым мазаем и 15 пщIондэ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

2015 гъэм мазаем и 12-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхэтынущ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъаззмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм илэжьахэм я отчётымрэ я Iуэхуiэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр.

ЩыщIидзэнур сыхьэт 12-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1анIэ.

Республикэм и цIыхухэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкlэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм мылъку зраIъэфалIэу е я къулыкъур щхьэхуэщагъэкIэ къагъэсэбэпу гу ялъыфтэмэ, хьыбарыр электрон теплъэ иIэу: mgikbr@mail.ru хэщIанIэм евгъэхь хъунущ.

Къалэн нэхъыщхьэхэр

● Коллегиехэр

Егъэджэныгъэм и фIагъыр къыщыщытэ республикэм центрым мазаем и 6-м щекIуэкIащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэм-кIэ и министерствэм и колегием и зэIущIэ. Абы къыщащытхъащ иныжь блэкIам Iэнатlэм хуэзэфIэкIа Iуэхугъуэхэр, апхуэдизыр щаубыхуащ 2015 гъэм къапщытыкъ къалэныщIэхэр.

КОЛЛЕГИЕМ хэтхэм нэмыщI, зэIущIэм къарагъэблэгъащ КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщагъэ **Дроздов Игорь**, Сабийхэм я хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Iуэгъуэ **Светланэ**, КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и комитетым и пашэ **Азычэ Светланэ**, республикэм и кIалэхэм, районхэм я администрацIэхэм я лIыкIуэхэр, щIыналъэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ департаментхэм я унафэщIхэр, нэгъуэщI Iхэри.

ЗэIущIэр къыздэIуихащ икIи иригъэжкIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Емуз Нинэ**.

- Ди министерствэм щызэфIах лэжьыгъэ псоми я лъабжьэр я Iэнатlэм екъиIуэу УФ-мрэ КъБР-мрэ щыIэ хабзэхэрэ, республикэм и Iэтащхьэм КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуэ унэтIыныгъэхэрщ, - жиIащ Емузым. - 2014 гъэм ди къару нэхъыщхьэхэр зыхуэзэнтIауэ щытар егъэджэныгъэ Iэнатlэр нэхъри егъэфIэкIуэныгъ, щIэблэм ягъуэт гъэсэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я фIагъым адэкIи хэгъэхъуэныгъ, ныкъуасныгъэхэр къыщыщIэщ ЕГЭ къащIыгъэныгъэхэр пэжу икIи зэIухуэу егъэкIуэжIыныгъ. А къаланэхэр къызхуэтыншыу гъэзэщIа хъунымкIэ къыщыгъэлъэгъуэ унэтIыныгъэхэрщ, - жиIащ Емузым. - 2014 гъэм ди къару нэхъыщхьэхэр зыхуэзэнтIауэ щытар егъэджэныгъэ Iэнатlэр нэхъри егъэфIэкIуэныгъ, щIэблэм ягъуэт гъэсэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я фIагъым адэкIи хэгъэхъуэныгъ, ныкъуасныгъэхэр къыщыщIэщ ЕГЭ къащIыгъэныгъэхэр пэжу икIи зэIухуэу егъэкIуэжIыныгъ. А къаланэхэр къызхуэтыншыу гъэзэщIа хъунымкIэ къыщыгъэлъэгъуэ ирахъэлIащ Iэнатlэм и IэщlагъэлIхэм. Илъэсыр гуГуэу щытами, апхуэдэ Iуэху бгъэдыкIэщIэхэм ехъулIэныгъэщIэхэм дыхуаращ. Абыхэм ящыщщ школ кIуэгъуэ ныбжьым ямыса сабийхэм папщIэ гъэсапIэщIэхэр къызэрыхэзгъэхар, щыIэхэр зэдгъэпэщхъурэ, садхэм кIуэну цIыкIу куэдым Iэмал зэрагъэуэтар. Апхуэдэу еджапIэщIэхэр къызэIутхащ, Дрогушхуэ Iадинху жьалэм дэт курыт школыщIэм.

Зи пашэ Iэнатlэм щызэфIах Iуэхугъуэхэм апхуэдэу кIэщIу тепсэльыхьа нэужь, министрым къэпсэльапIэр хуит хуищIащ и къуэдзэ **Устэ Джульеттэ**. Къызэхуэсахэм я пащхьэм абы щищIа доклад иныр теухуат КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм 2014 гъэм зэфIигъэкIа Iуэхугъуэхэмрэ къыщIэщыIа къаланэхэмрэ.

- Ды зэманым ди республикэм щыIэщ егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ Iуэхугъуэ Iыщхьэр. Абы хохьэ школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмыса сабийхэм щадэлажьэхэри, пэщIэдзэ, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэтхэри, щIэныгъэ нэхъыщхьэ, Iэщlагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щратхэри. Абыхэм ЙокIуалIэ ныбжьыщIэ мини 170-м щIигъу, - жиIащ Iуэтэм. - Ведомствэ зэмылIэужьыгъуэхэм я нэIэм щIэту лажьэу щита еджапIэ зыбжанэ щыIпIэ - валерхэм я унафэм щIэдгъэувэжащ. Апхуэдэу 2015 гъэм къыщыщIэдзауэ Налшык кIалэ округым и унафэм щIэтынчу «Радуга» гимназиер, Налшык-20 жылэм дэт «Сабийхэм зегъэужьыныжьIэ центрыр» Щэджэм муниципальнэ районым еттыжащ. А Iуэхугъуэхэм кIуэгъуэ ныбжьыкIэ фейдэр мы гъэм хъужнущ сом мелуани 5,89-рэ.

Iуэтэм зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ зэIэпыхьныгъэхэр щекIуэжIащ республикэм и интернат Iэнатlэми. Абыхэм мы илъэсым къатыну фейдэр сом мелуан 31,92-м щIегъу. Iэщlагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щызырагъаджэ профессиональнэ колледжхэмэ ялъэIэсащ апхуэдэ зэхъуэжьныгъэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар техникэ колледжым и кIуэдамитIыр зы хъужащ, Тэрч кIалэм дэт ПУ №18-р Къэбэрдей-Балъкъэр автодорожнэ колледжым гухьащ, ДзэлыкъуэкIуэжэ дэт ПУ №19-мрэ Бахъсэн щылажьэ «Агро» колледжымри зэхъуэжащ.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэр зэрыгъэхэлъ дэтхэнэ Iыхьэми щхьэхуэ-щхьэхуэу кIытеувыIащ доклад зыщIыр. Ди республикэм и гъэсапIэхэм я гугъу щищIм, абы кIыхигъэщащ зи бжыгъэкIэ 220-м щIигъу сабий Iуэхущ1апIэхэм нужьрей зэманым хуабжу зэрубгъу, зауэм зэрыпытыр. Илъэсэ 3-7-м ит цIыкIухэр къаналэ щымыIэу 2016 гъэм ирихьэлIэу сабий садхэмкIэ къызэрагъэпэщауэ щытын хуейм, 2014 гъэм и КIэщIкIэ а кIалэныр гъэзэщIа хъуащ процент 99-кIэ. Иджыри сабий 3175-рэ зыщIэхъуэн къэсапIэхэр къызэрагъэпэщыну я мурадти, а бжыгъэм щIрагъэгъуфащ 722-кIэ. Сабий садыщIэхэр щаухуащ жыли 7-м, Яныкъуей къуажэм къыщызэIуахащ цIыкIу 55-рэ зэкIуэлIефыну уней гъэсапIэ. Прохладнэ кIалэм, Кыщпэк жылэм щауху садыщIэхэр. Абыхэм щIэхуэнущ цIыкIу 220-рэ. 2015 гъэм кIыгубыдэу апхуэдэ Iэмалхэр иджыри етын хуейщ нобжкIэ чэзум щыт сабий мини 3-м нэсым.

УФ-м и Президентым а унэтIныгъэм екъиIуэу къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, гъэсапIэхэм къызэщIаубыдэн икIи я ныбжьым хуэжIуэ пэщIэдзэ щIэныгъэ етын хуейщ сабий псоми, ахэр зыщыщ унагъэмрэ щыпсэу щIыпIэмрэ емылытауэ. А кIалэныр зэфIэхыпхъэу кIалъытащ 2016 гъэ пщIондэ.

БлэкIа илъэсым кIыгубыдэу «Доступная среда» унэтIныгъэмкIэ республикэм и лжьыгъэшхэр щызэфIагъэкIащ. 2011 - 2014 гъэхэм кIыгубыдэу проектым хэтащ школу 37-рэ. Зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэмэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ нэс ядеГъэкIуэжIыным хуаутIыпщауэ щытащ федеральнэ, республикэ бюджетхэм къахэжIыу сом мелуан 35,997-рэ. Къыхэгъэщыпхъащ а мылькъэ псори Iуэхум зэрытрагъэкIуэдар. Апхуэдэу адэкIиефIэкIуэнущ адэ-анэ зыщхьэщымытыж сабийхэм хуащI гулыитэми.

Докладым гулыитэншэ щыхъуакъым еджакIуэхэм медицинэ Iуэхугъэблэгъэр яхуэщIэным, ерыскъы пщтыр егъэшхыным епха унэтIныныгъэхэри. Абыхэм зэрыграгъэкIуэдар. Апхуэдэу адэкIиефIэкIуэнущ адэ-анэ зыщхьэщымытыж сабийхэм хуащI гулыитэми.

Докладым гулыитэншэ щыхъуакъым еджакIуэхэм медицинэ Iуэхугъэблэгъэр яхуэщIэным, ерыскъы пщтыр егъэшхыным епха унэтIныныгъэхэри. Абыхэм зэрыграгъэкIуэдар. Апхуэдэу адэкIи едгъэжьащ зэрыгъэжьар. «Школым тхылъ тIыгъэ хуащI» псапащIэ акцэ кIыхьалъхьэри, илъэс блэкIам курыбудэу школ библиотекэхэм я фондым хагъэхъуащ тхылъ 76750-рэ. Абы и фIыгъэкIэ ныбжьыщIэ мин 60-м щIигъум зэреджэ тхылъхэр щIэнщIэу яIэрыхьэфащ. А Iуэхум иджыри пащэнщ.

КыштщIэхъуэ щIэблэм гъэсэныгъэ екIу, щIэныгъэ куу етынымкIэ егъэджэкIуэхэм яIэ мыхьэнэм и гугъу щищIм, Iустэр къытеувыIащ абыхэм я улахуэр зыхуэдизымрэ ар адэкIи хэгъэхъуэнымрэ епха лэжьыгъэхэм. Апхуэдэуи егъэджакIуэхэри абыхэм я гъэсэныгъэ зэрыгъэхъэр республикэ, къэралпсо зэпеуэхэм жыджеру зэрыкъэтыр, текIуэныгъэхэр къызэрыщIахьыр, абыхэм къапжкIуэу саугъэт лъапIэхэр къызэрыхуагъэфэщагъэ къыхигъэщащ.

- Ди еджакIуэхэм ящыщу 24-рэ щыткIуэдащ дунейпсо, къэралпсо зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Апхуэдэу республикэ зэпеуэхэм пашэ щыхъуа ныбжьыщIэ 11-м хуагъэфэщащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий къыбгъдэкI ахъшэ саугъэтхэр, - и гуапэу къыхигъэщащ абы.

Министрым и къуэдзэм и докладым щыIагъуэ, ар зэпкърахыу зэIущIэм къыщыпсэльащ цIыху зыбжанэ. Абыхэм ящыщ ШIэрдэж районым и щIыпIэ администрацIэм и Iэтащхьэ **Борис**, Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар техникэ колледжым и унафэщI **Абазэ Барэсбий**, министерствэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и департаментым и лIыкIуэ **Водопьянов Александр**, «Тхылъ» къэралIуэхугъ1апIэм и пашэ **Шаваевэ Аминат** сымэ, нэгъуэщIхэри. КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм зэдзэохэнымрэ лъапкъ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI **КIуращин Анзор** псалъэ щратым, къыхигъэщащ егъэджэныгъэ Iэнатlэм щIалэгъуалэр ешэлIэным, ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм нэхъ хэкъуэзыгъ ядэлэжьным, щIэблэ узынщэ ящыщ ди къэкIуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

КъБР-м ЕГъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм илъэс блэкIам зэфIигъэкIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм коллегием хэтхэр арэзы техуэащ. Абыхэм ягубзыкуэ 2015 гъэм Iэнатlэм къыпэщылъ къалэнхэр икIи ахэр къыщыгъэлъагъуэ дэфтэрыр къащтащ. Коллегием щытепсэльыхьащ я псэ хьэлэл лэжьыгъэм папщIэ къэрал дамыгъэхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ зыхуэфащэ Iэщlагъэлъ гуп апхуэдэу ягъэпэжэн папщIэ министерствэм зэрагъэлъагъуэми.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум прихьэлIэу

Снайпер Iэзэ Жаморэ Щэуал

ЛIыхъужьыгъэ зэрахьэу Хэкур яхъумащ Къэхъун къуажэм щалъхуа куэдым. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми тхыгъэ щхьэхуэ хуэфащэщ, ауэ нобэ зи гугъу тщIынур снайпер Iэзэу зыем хэта Жаморэ Щэуалщ.

1939 ГЪЭМ и мазаем и ныжьыр ирикъури, ар къулыкъу ищIэну Дзэ ПлIыжьым ираджащ. Абы кIыхьэкIыу Хэку зауэшхуэр кIыщыхьэ-ям и пIэ махуэхэм щегъэжьауэ бийм пэщIэтахэм яхэтыну кIыхуихуащ. Сыт хуэдэ гугъуехьрэ псэзэпылъхьэпIэрэ ихуами, кIыщыхьу щыIакъым абы и щIыб кIыщыгъэза е си щхьэр нэхъыбдыж жиIэу щIыздыхьа.

Зауэ Iэнатlэм тынш щыIэжьым, ауэ снайперхэм яйр адрейхэм кIащхьэщокI. Абы зышыIэныгъэшхуэрэ Iэрыхуагъ инрэ хэлъын хуейщ. Апхуэдэхэр, дауи, куэд хъуркъым икIи ахэр зырыз-тIурытIуэр адэ-мыдэжЗ дэзм кIыщыкащIыкI. ТегъэщIапIэ нэхъыщхьэ ящIырт, кIыщынэмыщIауэ, и хьэл-щэныр, цIыхугъэр, зэфIэкIыр. А псом ищIыпужкIэ снайперу къащтэнум еэым и фIэфIыныгъэ яIэ хэлъын хуейт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, апхуэдизу «кхъуэнэм щIагъэкI» Iэнатlэм пэрыувэну щIэхъуэпсхэр, ар зыхуэзэфIэкIынуэр мащIэт.

Зыхэхуа батальоным щыщу снайпер хъуну хуейуэ кхъыхкIар Жаморэ Щэуал и закъуэт. Абы щэрыуэу фоч иГаъуэрт, абы кIыхэкIыри зауэм щIимыдзэ щIыкIэ «Ворошилов фочГуаъ» цIэр кIыфIащат. Къыдзэауэкэм я гугъэт армэм и пэкIэ Щэуал щакIуэ Iэзэу щытауэ, зытригъапсэр хигащIэ зэпыту къызэрекIуэжьи папщIэ.

Къэхъун щыщ щIалэр къикIуэт имыщIау икIи зыкIи ящыжьыжу зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэтащ. Зэу Бэракъ Плъыжь яп орденыр абы кхъухуагъэфэщауэ щытащ бий 25-рэ зэрыхигъэщIам кхъухкIыкIы. Зэман дэкIри апхуэдэ дыдэ етIуанэ орденри къратащ. Абы щыгъуэм Жаморэм фашист 75-рэ зэтриукIат.

Мыгувэу Щэуал и сурэтымрэ и лIыгъэм теуха тхыгъэмрэ совет лъэхъэнэм нэхъ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэу щыта «Правда» газетым къытехуащ. Апхуэдэу къэралми щаIуэкIам щIыхь зиIэ адыгэ щIалэм и лIыхъужьыгъэм теуха хъыбарыр. Абы иригушхуар къызыхэкIа Жаморэхэ я закъуэкъым.

Щэуал зэрихьэ лIыгъэмрэ кIыгъэпэгъэ хахуагъэмрэ ятеухуащ 1943 гъэм щIыхьпэмкIэ щыIэ щIыгъэ. Абы хэтахэм я лъахэгъуэ хуагъэхъа письмом итт: «Иджыри къэс хуэдэу лIыгъэ пэлъу адэкIи зауэ. Уащымысхь, ди Щэуал, нэмыцIэ хуэдэу гущIыгъуэ. Дари укъыдогъгуГэ, ди зауэлI хахуэ, Дзэ ПлIыжьымрэ совет цIыхубэмрэ я пащхьэм щыдIэ къаланэхэр щигГуэу икIи фIагъ ин иIэу дгъэзэщIэну».

КъыздэкIа жьылэм и унафэр и псэр пытыху Жаморэ Щэуал игъэзэщIащ.

... Хэку зауэшхуэр иухыным зы илъэс къэнэжащ, 1944 гъэм къкIыгъэм и 8-м, Заполярьем щызауэ ди сэлэтхэм посылкэхэр яIэрыхьащ. А махуэм Щэуал и отделенэр и гъусэу, и ныбжьэгъу икIи и пльакIэу псыгъэнсудэс Мыз ТIутIэ зи унафэщI взводым и хэщIапIэм щыIэт. ЗауэлIхэр хуабжу щыгугъы1ыкIащ посылкэхэм къэхъуа икIаи зэрыхэтым. Абы илъыр Iэфiу зэдзашхащ, щалъхуа адыгэ щIыналъэр ягу къагъэжьыжащ. Зауэр ирихьэ я мурадхэмкIэ, дауи, зэдгъэшащ.

Щэджагъэ нэужь хъуауэ Жаморэр и отделенэр и гъусэу къежьжьыну зыщигъэхъэзырыж ТIутIэ иКIи абыкIэ ди тхыгъэр духыну дыхуейт:

- Щэуал, хьэщIэ, пшапэр зэхэзэужкIэ зэмыпIащIэ. Жэщ, хъурэ, нэмыщIэмэ нэхъ укъамылыIуэу укIуэжьыфынщ.

- Умыгузавэ, - жэуал къытащ абы, - закъьедгъэлъагъункъым. Пшапэр зэхэзэужкIэ иджыри фашист Iэджи хъэдрыкъэ дгъэкIуэну къытпопIэ.

Мыз ТIутIэ щIэгъэзавэм щхьэусыгъуэ иIэт. Жаморэр и гупыр дэщIыгъуу здыкIуэцIрыкIыжьи хуей щIыпIэр нэмыщхэм я Iэгум иIыпхъ хуэдэу нэщIт икIи зыри щызрагъакIуэртэкъым.

Гу пъямытэу къэнакъым махуэ щэджагъуэм губгъуэм зэпрыкI совет сэлэтхэм икIи абыхэм кхъэхуэу хуежьащ. Къэуа лагъымхэм ящыщ зым и кутахуэм лIыхъужьыжьым и гур къигъэувыIащ. Абы щыгуэм Щэуал и ныбжьыр илъэс 25-рэ хъуа къудейуэ арат икIи а зэманым ирихьэлIэу фашисти 125-м и псэр игъэнат.

Ныбжьэгъу пэжым и кIуэдыкIар гущIыхь я ящыхъуащ къыздэзуэхэм. Абыхэм тхъэ я лIуащ фашисти 100-кIэ яIэ ящIэжьму. Щыхьэдгъэшхуэт Къэхъун ныдэжьми.

Лъэпкъыми, жьлэми, Хэкуми ящыгъупщащхьэ я щыхьыр къэзыIэта, ар бий гущIэгъунщэм щызыхьума Жаморэ Щэуал. Абы и цIэр Къэхъуни Нарткъали я уэрамхэм нобэ зэрахьэ икIи псэууэ зи лIыгъэм уэрэд хуэуса лIыхъужьым и щапхъэм щIэблэщIэр щIапIыкI. Жаморэм и фэеплъ зэпеуэ илъэс къэс ДОСААФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм ирегъэкIуэкI. Абы хэтщ ди республикэми нэгъуэщI щыпIэхэми щащ фочГуаъэ ныбжьыщIэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Щэуал и къуажэгъу цIэрыIуэ Хьэхъупащ1э Амырхан и усэхэм ящыщ зы снайпер Iэзэм триухуащ икIи абыкIэ ди тхыгъэр духыну дыхуейт:

Фашистыжь бзаджэхэм
Хьэкъур къыщадзым,
Щэуалыр дзэшхуэм яIущIэм
Щыблэу нахэуэрт.
ЗауапIэм Iухьэм -
И Iэщэр дахэу игъэпсырт,
Мыпсэхужьхэу гъуаэзэм
иripлIэрт,
Бий полкхэм къагъазэм
тхуузэкъуиудт.
«Мессершмидтыр» къэсым
къиудыкIырт,
Ди хэкуу дахэм къыщIэзэуIкIырт,
Танкыжьым иср
тхуриукIыхьырт.
ДжатэкIэ зыхьыхьэм
Фашистыщхьэр
къытхуигъащIэт,
ЗыфIмыгъэщIу лIы пщIэт
хигъащIэт.
Жаморэ и къуэкIэ ди Щэуал
лIыхъу,
Уи лIыхъужьыгъэр
къытхузэбгъэнаIуэт,
Вождэм я пащхьэм уи щытхъу
щаIуэт.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэхъулъатэзэхуэ пщащэхэр, дакъикъэ бжыгъэ дэкIмэ, узэгум ихьэнущ бийм езэуэн папщIэ. Иджыпсту аэрэр йодаIуэ я командирым жиIэм.
1944 гъэ, накъыгъэм и 25

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ и Iуэхущ1апIэхэм цIыкухэм щрагъэшъуэ ерыскъым и пщалъэхэр гъэувыным и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м Налшык къалэ №281-ПП

«Урысей Федерацэм цIыкухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыщIыхуащIэм и лъабжьэхэм я Iуэхукъ1э» Федеральнэ закон №442-ФЗ-уэ 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 8-м къыдэкIам и 8-нэ статьям и 6-нэ пунктым икIи иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. ЗыгъэгъуфIыгъу мыхуэдэхэр къащтэн:

Зи ныбжь хэкIуэта цIыкухэм икIи ямыс хъуахэр щапIыхь ун-интернатхэм, психоневрологие интернатхэм, геронтологие центрхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыкухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ и комплексно зэпачрэ я стационар къудамэхэм, плъэкIэ здыщагъэIэ къудамэхэм цIыкухэм ерыскъыуэ щрагъэшхым и пщалъэхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыкухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ и комплексно центрхэм цIыкухэм махуэкIэрэ щакIэпылъ и къудамэхэм щрагъэшхыну ерыскъым и пщалъэхэр;

Акъыпкъ къакIэрыхуа сабийхэм хуэхаха сабий унэ-интернатхэм щыпсэу сабий ныкъуэныкъуэхэмрэ ныбжьыщIэу ныкъуэныкъуэ хуэхэмрэ, балигъ мыхьэхэм папщIэ кхъэзэрагъэпэща социально-реабилитацIэ центрхэм, унагъуэмрэ сабийхэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэ щрат центрхэм щыпсэу сабийхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыкухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ и Iэнатlэм балигъ мыхьэхэм хухахауэ яIэ комплексно центрхэм я стационар къудамэхэм щрагъэшыну ерыскъым и пщалъэхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыкухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ и Iэнатlэм и Iуэхущ1апIэхэу комплексэ медико-социальнэ реабилитацIэм елъэхъэм щыIыгъ сабийхэм ирагъэшыну ерыскъым и пщалъэхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыкухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ и Iуэхущ1апIэхэу профилактикэ-узынщагъэр егъэфIэкIуэным хуэгъэза лажьыгъэр щызэфIахым щаIыгъ сабийхэм ирагъэшыну ерыскъым и пщалъэхэр;

Ерыскъыхэр щагъэхъэзыркIэ язынныкъуэ шхынигъуэхэр зэрызэрахуэкIыным и пщалъэхэр;

Белокрэ угледводхэу хэлъым елъытауэ ерыскъыхэр зэрахуэкI зэрыхуэнур

2. Мы Унафэм къару егъуэт 2015 гъэм щIышылIэм и 1-м къыщыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социальнэ Iуэхутхьэбзэ щызыщIэхэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэращIэну щыкIэр гъэувыным и Iуэхукъ1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м Налшык къалэ №282-ПП

«Урысей Федерацэм цIыкухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыщIыхуащIэм и лъабжьэхэм я Iуэхукъ1э» Федеральнэ закон №442-ФЗ-уэ 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м къыдэкIам и 8-нэ статьям и 10-нэ пунктым, 27-нэ статьям япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социальнэ Iуэхутхьэбзэ щызыщIэхэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэращIэну щыкIэр гъэувын.

2. Къару ямыIэжу къэлытэн:

«Зи ныбжь хэкIуэта цIыкухэм, ныкъуэныкъуэхэм я псэуалIэхэм кIуэурэ, махуэкIэрэ сымаджэщхэм щакIэпылъпIуэрэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ и Iуэхукъ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №112-ПП-уэ 2006 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м къыдэкIам (Кабардино-Балкарская правда, 2006, №№114-115);

«Социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зыщIэ къэралIуэхущ1апIэхэм зи ныбжь хэкIуэта цIыкухэм, ныкъуэныкъуэхэм къэралыр щэсыпIэ ивэзу хуащIэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэхэзэн гъэувыным и Iуэхукъ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №115-ПП-уэ 2006 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м къыдэкIам. (Кабардино-Балкарская правда, 2006, №№114-115)

3. Мы Унафэм къару егъуэт 2015 гъэм щIышылIэм и 1-м къыщыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм щIыкIэр зыхуэздзыр икIи аз зэрыщIах щыкIэр гъэувыным и Iуэхукъ1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м Налшык къалэ № 283-ПП

«Урысей Федерацэм цIыкухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыщIыхуащIэм и лъабжьэхэм я Iуэхукъ1э» Федеральнэ закон №442-ФЗ-уэ 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м къыдэкIам и 8-нэ статьям и 14-нэ пунктым ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зыщIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щащIэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэздзэр яубзыкуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законкIэ щIагъэбыдэм хьыкъэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм мазэ къэс щIэт пщIэр зыхуэздизыр социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я гъэсэкIэ я лъабжьэ икIи мыбы щIрагъэгъу мыхьэну гъэувын:

Унэм, стационар ныкъуэ лIэужьыгъуэм тету социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыщIыхуащIэм щIэт пщIэр социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэпIэм цIыкух къэс ику иту хэхуэу Iэрыкъэр зыхуэздизыр социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зыщIэнщэу хуащIэнымрэ лъабжьэ хуэхъуу цIыкух ику иту яIэрыкъэ хэхъуэр нэхъыбэ дыдэу зыхуэздизымрэ зэрызэщхьщIыкIымрэ процент 50-м щIимыгъуну;

Стационар лIэужьыгъуэм тету социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыщIыхуащIэм щIат социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэпIэм ику иту цIыкух къэс къыIэрыкъэ зыхуэздизыр социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыгъэувам тещIыхьам и процент 75-м щIимыгъуну;

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыщIыхуащIэм щIат пщIэр зэрыIах щыкIэу мы Унафэм щыгъур къащтэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр щызыщIэхэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зыхущIэхэм Iах гъасэхэр зыхуэздизу щIэуэ ягъэувэжр 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м къащтам нэхъри нэгъуэщI мыхьэну икIи а социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхущIэр 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м зэрыщIатам нэхъри нэхъыкIэ ящI мыхьэну гъэувын.

4. Къару ямыIэжу къэлытэн:

«Социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зыщIэ къэралIуэхущ1апIэхэм пщIэншэу икIи пщIэ щIату социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ и Iуэхукъ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэ №113-ПП-уэ 2006 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м къыдэкIам (Кабардино-Балкарская правда, 2006, №№114-115);

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и яныныкъуэ унафэхэм хэлъхьэ зэхуэхьэныныгъэхэм я 3-нэ пункту «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и яныныкъуэ унафэхэм зэхуэхьэныныгъэхэр егъэгъуэтыным и Iуэхукъ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэ №209-ПП-уэ 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м къыдэгъэкIамкIэ (Официальная Кабардино-Балкария, 2011, №47) щIагъэбыдам.

5. Мы Унафэм къару егъуэт 2015 гъэм щIышылIэм и 1-м къыщыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыкухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ и Iуэхущ1апIэхэр унэлъащIэ щабэкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ ягъэува мардэхэр къащтэным и Iуэхукъ1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м Налшык къалэ №284-ПП

«Урысей Федерацэм цIыкухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыщIыхуащIэм и лъабжьэхэм я Iуэхукъ1э» Федеральнэ закон №442-ФЗ-уэ 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м къыдэкIам и 8-нэ статьям и 5-нэ пунктым ипкъ иткIэ икIи цIыкухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэм и фIагъым хагъэхъуэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыкухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ и Iуэхущ1апIэхэм я лъабжьэкIэ къызэрагъэпэщын и мардэхэр къащтэн

2. Мы Унафэм къару егъуэт 2015 гъэм щIышылIэм и 1-м къыщыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыкухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ и Iуэхущ1апIэхэм пхыгъэкIыныныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я Iуэхущ1апIэхэр зэрызэдзэлажьэну Регламентыр къащтэным и Iуэхукъ1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м Налшык къалэ №285-ПП

«Урысей Федерацэм цIыкухэм Iуэхутхьэбзэ зэрыщIыхуащIэм и лъабжьэхэм я Iуэхукъ1э» Федеральнэ закон №442-ФЗ-уэ 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м и 8-нэ статьям и 4-нэ пунктым, 28-нэ статьям япкъ иткIэ икIи хуащIэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым хагъэхъуэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм

Ди литературэм нэгъэсауэ къыхэщыркъым нобэрей зэманыр

Тхакіуэ, публицист цІэрыІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Кхъуэлуфэ Хьэчим и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу

Документально-художественнэ жанрым и лъабжьэр ди къэбэрдей литературэм щызыгъэтІылъахэм ящыщщ Къуэлуфэ Хьэчим Хьэбас и къуэр. Апхуэдэ тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ зыбжанэ абы и къалэмыпэм къыщІэкІащ. Псом япэу я цІэ къиІуапхъэщ Совет Союзым и ПІыхьужь Къанкъуэщ Ахьмэдхьан теухуа «Орел умирает в полете» повестымрэ «ЛІыгъэм и фэепЛъ» тхылъымрэ. Документальнэ прозэм, тхыдэ публицистикэм щыщщ Хьэчим истамбылакІуэ мухьэжырхэм я натІэ къриКІуар къыщыгъэльэгъуэ «Игъащ!экІэ гъарибхэр» и лажьыгъэри. Къэбэрдей литературэм ехьэлІа Іуэхугъуэхэм мызэ-мытІуэ ар тетхьихащ, абы и лъэныкъуэкІэ уасэ зимыІэщ Хьэчим «В зеркале социальной жизни» зыфІиІэщ тхылъыр.

Къуэлуфэр Іэнатіэ хъарзынэхэм пэрыту зэпымыууэ плжьащ, мы зэманми КъБР-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэщи, адыгэ, балъкъэр литературэхэм заужьыным и къару ирехьэлІэ. Тхакіуэм иджыблагъэ ущІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

- Хьэчим, лжьыгъэ Іуэхуэм я гугъу тщІын и пэ, уи сабиигъуэм, укъыщыхъуэ жьлэм утедгъэпсэлъыхьынут...

- Сыкъыщалъхуар Бахъсэн районым хьыхь Дыгулыбгъуей къуажэрщ. Пэжыр жьІэпІэмэ, ар къыщыхъуэ дыдэр 1939 гъэрауэ къыщІэкІынущ. Хэку зауэщхуэм и зэманым тхылъу диІэр хэкІуэдати, иужькІэ ахэр щызэрагъэпэщыжьмк, комиссэм хэт дохутыщм, сыфІэщІалэІуэ хъуагъэнт, кьыззралъхуамкІэ щыхьэт тхылъым 1940 гъэр схуритахуэ щытащ. Абы кьытенауэ йокІуэкІ.

Ди къуажэм и гугъу пщІынымэ, абы и тхыдэр кууц. Дыгулыбгъуейр а щІыпІэм зэрыщетІысэхрэ дэ ди лъэпкъыр абдеж щопсэу, ди унэщІэ дыдэр Бгъэнокъущ. Кьалуэтэм хъыбархэм къызэрыхэщыжьмкІэ, Тамбий Къэбард и гъусэу мы щІыпІэм къэІэпхъуэ Бгъэнокъуэр зауэлІтэкъым, зекІуэ кІуэхэм ящыщтхъмк, Бгъэнокъуэр зыбгъэдэтыр мамыр Іэщ!агъэт, псори зыкьутхэзм хуэмыдэу, цІыхур зыхуей гуэрхэр къэзыгъэщІэхэм ящыщт. Бгъэнокъуэр хуэкІуэт, пхъащІэ Іэзэт. Пхъащ!эр ди лъэпкъ Іэщ!агъэщ, си адэщхэри абы и адэжри пхъащІуэ щытащ, сэри 4-нэ разряд сиІэу зэгуэрым «Промстрой» трестым сыщылэжащ. Си адэщхуэр зыбгъэдэту щыта пхъэпсэупІэр иджыри къызэдэсым къуажэм си къуэшхэм щахъыжмэ.

Ди унэщІэраци, кхъуэ щІэдуфауэ жаІэ. Адыгэм чристэн диным къытекІыу мусЛъымэн диныр къыщищтэ зэманыри, кхъуэхэри игъэкІуэдыжьыт. Чристэным епха хьэпшыпІ гуэрхэр (жор сыт хуэдэхэр) цІыхум зэрахьэмэ ткІийуэ кІэлъыплъ къыщІэкІынти, Бгъэнокъуэхэ я дежи къэпщытакІуэхэр дыхьат. Зыри ямыгъэтуэу я къыщыдэкІыжхэм, кхъуэ кІий макъ къэІуэу яІуатэ. Ди къуажэгъуэхэр нэхъ къытщІэнэкІэнымэ, «кхъуэ щырыр гущэм БгъэнокъуэхэІ я фызыжь гуэрым хитхат» жаІэ. Дыдейхэм нэхъ зытрагъэчыныхьыр фызыжьым ар матэм щІиубыдауэщ. Апхуэдэу Кхъуэщ!эуфэ къытфІащри, иужькІэ Кхъуэлуфэ хъужауэ хуагъэфащэ. Дэри дыкъинкІуэтхъымк, «кхъуэ щІэвуфат» жаІэу къыдахъуэнмэ, дихьэзырыц: «А Бгъэнокъуэхэ я нэузжьым ищІэрт псори дыкъызыхуэнэжьынур». А псори гушыІэщ, ауэ езы Іэхъугъуэхэр адыгэ тхьэдэм щыщщ. Кхъуэр зыгъэпщкІуэр ди закъуэу къыщыкъуэм. АбыкІэ дэ «унэкъуэщ» диІэхэщ: Кхъуэтепыхьэхэ, Кхъуэтегъэхэ, нэгъуэщІэхэр. «Кьанкъуэщ» унэцІэри абыхэм ещхь Іэхъугъуэ гуэрхэм къыхэкІауэ езыхэм жаІэу зэхэсхащ. Бгъэнокъуэм и Іэщ!агъэмрэ абыр зэрызэпыщІар сщІэрэкІуэкІыр ди дамыгъэми кьеГъэльагъуэ. Абы и шабзэкъым зи пэр къыпыщІыкІа шабзэщэ телъщ. Абы кьраг:экІыр «дэ зауэ-банэ дыхэтхьым» жиІэу аращ.

Дэ дыкъыщалъхуам зэманыфІ дыхэхуакъым. Зауэм и пэ дыдэ иІэсым техуат. Зауэм кІуэхэр ди адэхэр арами, езы зауэр ди деж къэкІуащ. 1942 гъэм и гъэмахуэм нэмыцэхэм Бахъсэн и сэмэгурабгъу лъэныкъуэр яубыдащ. Ижьрабгъум дыдейхэр Іутти, махуэ къэс топкІэ модрейхэр къуажэм къыдэуэрт, я кхъухьлъатэхэри тщъхэщ!кІэртэкъым. Зэгуэрым зы топышэ ди хадэм кьихуэри, ди анэр иукІащ. Ди адэр фронтым Іутт, си шыпхъу нэхъыжьымрэ сэрэ адэшхуэмрэ анэшхуэмрэ я деж дыкъыщыхъуащ. Нобэ щІэныгъэ гуэр скъуэлъмэ, зэрэ фІыуэ слъагъэмэ, ди къыбарыжьхэм сыдахьэхмэ - псори зи фІыщІэр си адэщхуэмрэ абы и ныбжьэгъуэмрэщ, абыхэм ди тхьэкІумэ техуауэ дедалуэрт, лъэпкъыр фІыуэ тлъагъунри, тхыдэм дыдихьэхынри, тхэным, усэным гу хуэтщІынри абыхэм я деж къыщежьауэ жыпІэ хунущ.

- Абы щыгъуэм тхакІуэ ухъуным ущІэкъуэпсрэт, хьэмэрэр ар нэхъ иужькІэ?

- Кхъуэлъатэзехуэ сихьхуну арат нэхъ си плъапІэр. АрщхьэкІэ ар къызэхъулІакъым. Литературэм дыдихьэхыу, зыгуэрхэри дыуцІырхъыу школым дыззрыщІэж лъандэрэ кьеКІуэкІащ. Нэхъыбэу зытезухуэр журналистикэрати, школым дыщыщІэсми, университетым дыщыкІуами газетхэм ди тхыгъэхэр щІэх-щІэхыурэ кьытрадзэу щытащ. Мэзыхьэ Борис дэрэ иджыри дыстуденту СССР-м и Журналистхэм я союзым дыхагъэхьат. Тхылъыр къыщыстхуагъэхьыжам абы и Іэ щІэлът «Правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ, партым и ЦК-м хэт Сатюков П. Апхуэдэ кІуэлыкІуэщІэшхуэхэм зэрахьэрт абы щыгъуэ Журналистхэм я союзыр. Бахъсэн район газетым жэуап зыхь и секретару, иужькІэ «Советская молодежь» газетым, телевиденэм, «Блокнот агитатора» журналым, «Хэку» обществэм и Іухэущ!апІэу ди деж щыІэм, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым печатымкІэ, телевиденэмрэ радиомкІэ и секторым сыщылэжьащ. 1986 гъэм щыІэдзауэ, республикэм телевиденэмрэ радиомкІэ и Къэрал комитетым и унафэщІ. «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ Іэнатіэхэр есхьэкІащ. КъБР-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм илъэс 16 ыкуэу сыщыІэщ.

- 2015 гъэр Литературэм и илъэсу Урысейм щагъэуващ. Сыт хуэдэу щекІуэкІыну ар Къэбэрдей-Балъкъэрым? Фи зэгухьэныгъэм сыт и мурадхэр абы теухуауэ?

- Мурадхэр куэд мэхъу. Тхьэмахуэ и пэкІэ а Іуэхум теухуауэ КъБР-м и Правительствэм къыхэригъэпэща оргкомитетым и зэхуэс екІуэкІати, ди зэгухьэныгъэм кьыхилъхьа Іуэхуэхэм тепсэлъыхьащ. Иджыри зэ нэхъ нэгъэсауэ абы дыхэплъэжьын хуейщ.

Литературэм и илъэсыр къызэращтам сэ сызыщыгуфІыкІыу хэлъыр хуабжьу кІэрыуІыпІщ яшІа куэд кьаІэтыжьыну и уж зэрихьарщ. Япэрауэ, цІыхур тхылъым ешэлІэжьын хуейщ, нэхъ цІыкІум дежьэ къыщыщІэдзауэ школакІуэхэм, студентхэм, балигъхэм я деж щыщІэкІыжу. Ар псом нэхъыщхьэщ. Абы щхьэкІэ фІыуэ лэжьапхъэщ библиотекэхэр, школхэр, тхылъ щапІэхэр. Иужьрейм зыздэхэр Налшык щыгъуэтыгъуейщ, районхэм я гугъу умыщІи.

Мыдрейуэ, «Литературэм и илъэсщ» жиІэ тщхьэкІэ, абы кьиКІырхьым а зэманым къриубыдэу иджыри кьэс дымытха роман, пьесэ, поэмэ дыІтысу ттхьжьын хуейуэ, ар кьалэн зыхуэтщІыжьынри щхьэгъэпщІэж хьунт. Ауэ ятхауэ диІэр нэхъ наІуэ, ахэр цІыхубэм нэхъ япэгъэнэгъу щІын хуейщ. Тхакіуэхэр кІэщІ-кІэщІуэр тхьилъеджэхэм яІуощІэ. Жьыжь дыІэбэнкъым, илъэс икІам фокІадэ маззм щегъэжьауэ (нэхъ итхкІэ екІуэкІахэм я гугъу сщІынкъыми) махуэшхуэ дахэхэр, зэІуІэ щхьэпэхэр щылаці: Лермонтов Михаил кьэзэралъхуэр илъэс 200 зэрырикъуар, КІыщокъуэ Алим и илъэси 100-р, Мечиев Кязим, ПащІэ Бэчмырзэ, Тхьэгъэзит Зубер, Зумакуловэ Танзиля сымэ зтеухуа пщыхьэщхьэхэр, нэгъуэщІэхэр. Псом хуэмыдэу ди щхьэр ІыкІэгэу диІэпэагъэщ. КІыщокъуэ Алим и илъэсыр Іэтэ зэрыкъуащ. Аркъудейм кьегъэльагъуэ дэ Іуэхуу дызыхэтымрэ литературэм апхуэдэ гуфІэгъэшхуэ пыщІащэ зэрегъкІуэкІымрэ я фІагъыр.

- АтІэ апхуэдэу мыгъэрей илъэсри тхуэфІыну дыщыгугъэ хъуну пІэрэ?

- Хъуну си гугъэщ. Дауи, махуэгъэпсым бытету ди тхакІуэ-усакІуэхэр, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр дгъэпэпІэнущ, нэгъуэщІ кьаІэн нэхъыщхьэхэри ди пщэ дэлъщ. Дызэхуэсрэ, Іэгуауэр щІэту дыкъафэ-дыджэгуу, хьэхъу зэхуэтІэту дызэбгрыкІыж мыхъуу, езы литературэм и сэбэп зыхэлъ гуэрхэм дегугъуамэ нэхъ сфІэтэмэмт. Нобэрей ди литературэм нэгъэсауэ я кьыхэщыркъым дызыхэпсэукІ зэманыр, абы кьыщыхъу Іуэхугъуэхэр, джьныр. Вэсэмахуэ зыгуэру яджащ, дыгъуасэ ар нэгъуэщІ хъуащ, нобэ нэхъ Іеижу кьызэрдэзэкІ. Дахэ-дахэу ар школхэм зэрыщадджын учебник яІэкъым. Абыхэм кьелъахъэ зэманым пджжэж тхылъ тхыныр. Тхакіуэм дзыхь ищІыркъым иужьрей зэманым ди республикэм кьыщыхъуэхэм, диныр зэрызэблашым, коррупцэ хъужьым, бюрократиер кьызыхэкІым куууэ кІуэцІрыплъу тепсэлъыхьыжьну. Бэлыхь уэхэуэнри бетэмалщ, зым кьыззэрыщыхъур адрейм нэгъуэщІу кьыгурыІуэнкІэ мэхъу. ЗэрыжьыСІащи, цІыхубэ гупсысэр зэхуэдэу шэщІа хъуркъым.

А псом нэмыщІыжкІэ куэдым кьрамыдзэну хэтщ литературэр сыт хуэдэ Іэхуэфіми и лъабжьэу, и хэкІыпІэу зэрыщытыр. ЦІыхур зэрагъасэри, абы щІэныгъэ зэрыбгъэдалъхьэри, хабзэрэ нэмысрэ зэрыхалъхьэри - псалъэрщ. НэгъуэщІ Іэмал абы щхьэкІэ кьиГъэщІакъым. «Тхъэм и пащхьэ къикІа фІыщІагъэзэрэ» (торэтри, инджыли, кьурІэнри, нэгъуэщІхэри) псалъэ зырызырэ зэхэлъу ящыщ. Литературэрщ гъащІэ езытыр школхэмри (зэреджэ тхылъхэр), театрхэми (пьесэхэр), музыкэ лІэужьыгъуэхэми (уэрэдхэм я псалъэхэр), киноми, оперэхэми, балетхэми (сценариехэр, либреттэхэр), нэгъуэщІхэми. Ар фІыуэ кьагурыІуэрт Совет Союзым и унафэщІхэм. СССР-р «литературоцентричнэ» (псори литературэм щытегъэпса) жыхуиІэнум хуэдэ кьэралт. Абы литературэмрэ тхакІуэмрэ зыхуеину псомкІи кьыззэригъэпэщІрт. Зы тхылъ тэмэм кьыдззыгъэкІам нэхъ зыкъыжьыхьм хуэдэ автомобиль кьищэхуфынут. Иджы, япэрауэ, кьэралым дахэ-дахэу тхылъ кьыдигъэкІыжьыркъым; етІуанэрауэ, кьыдигъэкІыпами, абы кьыпэкІуэм автомобиль дэнэ кьэна, сабий лъакъуэрыгъажэ кьыщІэкІынукъым. Псом нэхъ р нэхъ телъыджэжращи, кьэралым тхакІуэм хуищІуэу щыта псори пичри, тхакІуэм хуигъэуву щыта кьалэныр абы кьыхуигъэнащ. ТхакІуэр а кьалэным щыпэмыплъэщыжьыр нэхъыбэщ. Утхэн и пэ узыхэпсэукІын уиІэн хуейщ.

Нэхъ дызыгъэгъэзавэхэм ящыщщ адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ школхэм зэрыщадж сыхьэт бжыгъэхэр кІуэ пэтми нэхъ мащІэ зэрыхъур. ИкъчкІэ кьалэн лъапІэщ лъапкъыбзэхэм, лъэпкъ литературэхэм школакІуэр дезыгъэхьэсыфынри етІуэджжІыкІуэхэр дыщІыдджэм щыгъуэ щыІа егъэджакІуэхэм бзэр фІыуэ яльагъуу, я Іуэхум куууэ хащІыкІыу, жаІэм дэ дыдрагъэхъэхьфу щытащ. Нобэ апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэ мащІэрэщ уэзэрихьэлІэр, нэхъыбэр зэрыпсэуэн, зэрышэн а и Іэщ!агъэмкІэ кьыззэрырилэжьыныращ зэгупсысу. Я лэжьыгъэр, дунейуэ, я гъащІэу нэхъапэкІэ зэрыщытам хуэдзжьым. Литературэр джьныр абы кьимылъэхъэн папщІэ, егъэджакІуэ псэемыблэжьхэр гъэхьэзэрыпхъэщ. Мыри пщыгъупщэ хъунукъым: адэ-анэхэм яІурылъ бзэри нэгъуэщІщ нобэ.

Литературэм и илъэсым зэфІэхьн хуейуэ дэ кьыхэтлъхьаахэм ящыщщ дунейм ехьжа тхакІуэ-усакІуэхэм я фэеплъыр гъэпсынпІэн и лъэныкъуэкІэ дызыхэнэмысахэр гъэзэкІуэжьынщ. Зыгуэрым и фэеплъ мывэ дгъэуэвнуми, зыщІэса унэм пхъэбгъу кІэрытлъхьэнчи, и цІэр уэрамым фІэтщІыжьнуми гугъуехь пыІъу фІэкІа зэи зэфІэкІкъым. ИлъэсипщІкІэ делІэлІащ КІыщокъуэ Алим и фэеплъ ягъэувыну унафэ кьеГъэщтэнщ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм хуабжьу укъелъахъэ. Кьыхэтлъхьаахэм ящыщщ дунейм ехьжа тхакІуэхэм я кхъащхьэхэм кІэлъыплъынкІэ, зекъэнщ, зыкуэфащэхэм фэеплъ сын яхуэгъэувынщ, нэгъуэщІхэри. КІуащ БетІал хуэдэ усакІуэ ди лъэпкъым зэи ИлакъыМ. И ГъащІэм зы сатыр имытхауи дощІри, ар Хэку зауэшхуэм и лІыхъужьщ. Абы лІыгъэрэ хахуагъэшхуэ и кІыхьа дамыгъэхэм хуэдэ яхэлъу зауэм кьикІыжар куэд хъуркъым. ИтІани абы кьахъукъащІахэр, цІыхур зыгъэгузавэ, зыгъэгулэзэхэр. Абыхэм дегупсысыпхъэщ, литературэ жанрхэм зедгъэужьыпхъэщ, дызыхунэмысахэм тедгъэззэкьн хуейщ. Пэжщ, ахэр занщІэу зэфІэбгъэкІыфынукъым, гугъущ, а псом нэмыщІыжкІэ, нобэрей цІыхум тэмэму кьагурыІуауэ щыткъым зэралым и Іуэху ухуэхІэр, ар зыхуэхІуэнур, зыхущІэкъур. Хэубыдыкіауэ «идеологие» жыхуэтІэм хуэдэ гуэр иІэкъым. Сыт нэхъ зи ужь итыпхъэр? Сыт хуэдэ акъыл цІыхум хэпщэн хуейр? Сыт ар кьызыхуеджэн хуейр? Сыт хуэдэ Іуэху еплъыкІэ, дин зехьэкІэ щІалэгъуалэм къахуэгъэлъэгъуапхъэр? Мис ахэр зэхэхауэ, зыгуэрым теубыдауэ щыткъым. А псом кьыхэкІыу тхакІуэри гуитІщхьитІщ. КІуэ пэтми, нэхъ зэхэззэрыхьхэм ящыщщ тхыдэр къэхъукъащІахэр, цІыхур зыгъэгузавэ, зыгъэгулэзэхэр. Абыхэм дегупсысыпхъэщ, литературэ жанрхэм зедгъэужьыпхъэщ, дызыхунэмысахэм тедгъэззэкьн хуейщ. Пэжщ, ахэр занщІэу зэфІэбгъэкІыфынукъым, гугъущ, а псом нэмыщІыжкІэ, нобэрей цІыхум тэмэму кьагурыІуауэ щыткъым зэралым и Іуэху ухуэхІэр, ар зыхуэхІуэнур, зыхущІэкъур. Хэубыдыкіауэ «идеологие» жыхуэтІэм хуэдэ гуэр иІэкъым. Сыт нэхъ зи ужь итыпхъэр? Сыт хуэдэ акъыл цІыхум хэпщэн хуейр? Сыт ар кьызыхуеджэн хуейр? Сыт хуэдэ Іуэху еплъыкІэ, дин зехьэкІэ щІалэгъуалэм къахуэгъэлъэгъуапхъэр? Мис ахэр зэхэхауэ, зыгуэрым теубыдауэ щыткъым. А псом кьыхэкІыу тхакІуэри гуитІщхьитІщ. КІуэ пэтми, нэхъ зэхэззэрыхьхэм ящыщщ тхыдэр

«Согугъэ тхылъым и мыхъэнэр мыкІуэдыну, тхылъымпІэм тептхэрщ уи ужькІи къэнэжынур»

Мэшбащ!э Исхьэкъ, Исаев Егор, Къуэлуфэ Хьэчим сымэ. *2008 гъэ*

Зыхунэмыс щыІэкъым

Къарууэ иІэр лъэпкъым и щэнхабзэм хуэзунэтІам псалъэ гуапэ хужьыпІэныр дэрэжэгъуэщ. Апхуэдэщ журналист, тхакІуэ Іэзэ, лъэпкъ гъащІэм теухуа публицистикэ тхылъ хьэлэмэтхэр къыдэзыгъэкІа, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ЩІыхь тхылъ, «Прессэм щиІэ фІыщІэм щхьэкІэ Урысейпсо дамыгъэр», нэгъуэщІхэри зыцугъэфэща Къуэлуфэ Хьэчим.

ХьЭЧИМ и Іуэху бгъэдыхьэкІэр, къищтэ темэр куууэ къыззэрыщІигъальэр сэ зыкъомкІэ сэбэп схуэхъуауэ къызолъытэ. БлэкІа лІэщІыгъуэм и бгъущІ гъэхэм я кум хуэзэу Къуэлуфэр республикэм и радиомрэ телевиденэмкІэ и къэрал комитетым и тхьэмадэу ягъэувауэ щытащ. Телевиденэм радиоми а зэманым щыІа журналистхэр, редакторхэр, режиссерхэр, кинооператорхэр хуэмыхуу лажьэртэкъым. КъыпфІэщІыкІ я Іэр зыхунэмыс щыкІыІуэ, псори кьызэщІрагъэубыдэу. Тынштэкъым программкэ зэфІэувахэм щІэуэ зыгуэр хэплъхьэжыну. Ауэ Хьэчим хуэзфІэкІащ абыхэм щыщ куэдым я творческэ гъэпсыкІэр кьеплъ-кьедаІуэ щІыхухэм «зэрэдрыхьэ зэрыуагъэр» иригъэкІуэн, гъащІэр сурэту техауэ кьыбгъэдэсыпхъэ телевиденэмрэ нэм имылъагъуу, псалъэкІэ гум едэхащІэ радиомрэ ябгъэдэлъ художественнэ публицистикэм и кьарур нэхъри кьИІэтын.

Хьэчим нэхъ гъунэгъуу сэ къыщыцІыхуар абы сыщыдэлэжьа илъэсхэщ. СымыгъэщІагъэуэ кьанэртэкъым: и пщэ дэлъ къулыкъу гугъумрэ тхэнымрэ дауэ зэрызэдихьыфыр? Кьыдэлажьэзэм зэи хуэму фІэкІа епсалъэртэкъым, Іуэхум «маржэкІэ» бгъэдэлъадэртэкъым. ИтІани, сыт хуэдэ Іуэху кьриихьэжьами, дагъуэншэу, и пІалъэм игъэззэщІн хуэзфІэкІырт. Кьалэнхэм, зэрыжьаІэщи, ІэпэдэупІэ яІэтэкъым. КьызэгурыІуэртэкъым - дауэ зэман кьызэрыдигъахуэр.

Пожьыгъэм теухуауэ Іуэху кьыщиІэткІэ, Хьэчим япэ щІыкІэ чэнджащэрт. ЖьІтІэ псомм гупсэжу щІэдэІурт. Жэрдэм кьыхэтлъхьам куууэ щыгъуаз зимыщІауэ, кьищтэртэкъым. «Сэ сыунафэщІщ» жыхуиІэр сыт щыгъуи япэ иригъэщу лажьэрт. Кхъуэлуфэ Хьэчим республикэм и Правительствэм хэт, кьулыкъу зезыхьэ унафэщІу зэрыпщІэн щыІэтэкъым, апхуэдизкІэ дихьэхырт кьызыхуигъэщІа Іэщ!агъэми. ЦІыхум едэІуэныр, пщІэ хуэщІыныр, ар кьыгурыІуэныр Хьэчим и хьэл нэхъыфІхэм ящыщт.

Куэд зэфІиГъэкІащ Кхъуэлуфэ Хьэчим Къэбэрдей-Балъкъэрым и Журналистикэмрэ литературэмрэ зегъэужьыным теухуауэ. Шэч къытехьэркъым абы иджыри екъуІэныгъэщІэхэр кьызэрыпэплъэм.

БЖЭНЫКІЭ Мухьэб,
Къэбэрдей-Балъкъэр журналистикэм и ветеран.

Мэзыр жыг зырызурэ зэхэтщ

ЦІыху нэс, хабзэщхуэ зыхэлъ, щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ – аехр и шыфэлІыфэщ си ныбжьэгъу Къуэлуфэ Хьэчим.

АБы ХЭЛЪХЬЭНЫГЪЭФІ хуищІащ ди щэнхабзэм, литературэм. Хьэчим и очеркхэр, повестхэр, критикэ тхыгъэхэр, усэхэр, рассказхэр гурыщІэ кьабзэкІэ, гупсысэ кууКІэ гъэнщІащ. Абыхэм кьахотаджжьКІ образ гъэщІэгъуэнкэр, блэкІа зэманми нобэрей гъащІэм щызэфІэувахэр. Нэхъыщхьэрщ, тхакІуэм и Іэдакъэщ!экІэхэр гъэпсащ бзэ кьулейкІэ.

Хьэчим куууэ щыгъуазэщ ди литературэм нэгъуэщІ хэкуэхэми щыпсэу лъэпкъхэм я щыІэкІэмрэ литературэмрэ. Аращ тхакІуэм и Іэдакъэщ!экІэхэр гъэщІэгъуэн, щІэщыгъуэ зыщІыр. Абы и щыхьэтщ КхъуэІуфэм и рассказхэу «ЦІыхубз лъэІу», «Зэлущ!э» зыфІищахэр, «Мэзыр жыг зырызурэ зэхэтщ», «Къуршыбгъэм и уафэр лъагэщ» повестхэр. Иужьрейр документальнэ тхыгъэщ, эытехууар Совет Союзым и ЛІыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхьанщ.

Хьэчим и махуэшхуэмкІэ сохъуэхъу, узынщэну, и къалэмыр жану, дахэу зэригъэлэжьам хуэдэу, дапэкІи и гурылъхэр тхылъымпІэм нигъэсыну.

КЪАГЪЫРМЭС Борис,
КъБР-м и ЦІыхубз усакІуэ.

И ныбжьэгъуэ и гъусэу. *1967 гъэ*

Кхъуэлуфэм и пшыхь Лъэпкъ библиотекэм щокІуэкІ. Хьэчим йохъуэхъу балъкъэр усакІуэ цІэрыІуэ Зумакуловэ Танзиля. *2010 гъэ*

Налшык къэсащ Сириемкъиікіа адыгэ хьэщІэ. *1964 гъэ*

Шахэ тIуащIэм зыщыдепхъэ.


Къуэ кIыфIым къыдэунэхукI псыпыху.

Кавказым и къухьэпIэ лъэныкъуэм щыIэ адыгэ лъагъуэжьхэм ирикIуэн фIыуэ зылъагъуэхэм ди гъуэгуанэм ыдощэ.

Джэгуэщ и псыпухэр

● Адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ

ГУП ЦIыкIуР, щIалипаI дыхъуу: Быпэн Хьэбас, сэ, школакIуэ ныбжьыщIэхэу Хьэбас и къуэ Аслъэнрэ Мэремыкъуэ Амирэ, Адыгэ Республикэм и кьалащхьэ Мейкъуапэ дыкъыщежьэри, Щхьэгуащэ псыхъуащхьэ иужьрейуэ кьыдэс Гъуазэрыплъ жылэ цIыкIум дынэсащ. КъуажэкIэм дежь кьыщылъ хуеи дахэжIейм адэкIэ-мыдэкIэ зизыгуэша уэздыгъей жыгышхуэхэм я лъабжьэм нэху дыкъыщекIащ. ЕтIуанэ махуэм и пщэдджыжьыпэм абдежьм лъэсу дыкъыIукIри, дыз эрызэхэзекIуа жэщитху-махуитхум кьриубыдэу, Кавказ шытхыжьми дыщхьэдэхащ, абы уардэу кьыщхьащыт Фышт Iуащхьэжьым и лъабжьэмм дыщIэкIащ. Ди лъэхэр кьуащхьэщIыбым щынэтхуэсым, а лъэныкъуэмкIэ щыIэ къурщыпс цIыкIу Iэджи зэщIэзыкъуэж Шахэ и псыхъуащхьэхэм дыкъыдэхуташ.

ТIуащIэ убзэрабзэм и пщэдыкъ дыкъыдыхьэри, нэр зытепIызэ тепхъэ дахэ куэд зиIэ щIыпIэхэм дынэсыху, дыхуелъэрышаэуэ, километр зыбжанэкIэ деущэхащ. Гур тфIэзыхьэху Iэгъуэблагъэм дытедымати, махуэр зэрыкIуасэм гу щылъыттар кьухьэпIэм фIыуэ хуекIуэтэха дыгъэм и бзий гуащIэхэм дызрамытъжкIуэжу, ди нэхэм кьыщIэджегъухь хъуа иужькIэщ.

Пшапэ зэхэуэгъуэ псымкъ щIыкIэ жытIэри, къэувыIэпIэ тхуэхъун («мэчанэ» щхьэкIэ кIуэрыкIуэм тету зытплъыхьын щIэдзащ. Альандэрэ кьухьэпIэм хуеIа дыгъэри, къытхуегумащIэжькIуэ кьызэтеувыIэна нэхъеI, и нужьрей бзий гуакIуэхэмкIэ щабэу кьыттелъэщIыхьыжьырт.

КьыкIэлъыкIуэ махуэм нэху зэрыщу, япэ щIыкIэ нэхъыжьитIыр дыкъызэщыуащ. ЗэщIэдгъэстыжа мафIэмкIэ шхын хьэзырыр дгъэхуэбжэри, пщэдджыжь жей пакIэр IэфIу езыхьэкI ди гъуэ ныбжьыщIитIым дегуоуащ: - «Ей, щIалэфIхэ, фытэдж! Ерыскъыри хьэзырщ, махуэщIэри кьыфпоплъэ»! - жытIэри.

ПщэдджжьышIэр щызэфIэкIым, си благъэм и Iыхьлыуэ Шахэпэ (Головинкэ) посёлкэу хы IуфэмэтIыгъуаем дэс ТхьэрыкъуахъуэУ Руслан дежь телефонкIэ сыпсэльащ, зекIуэ гупIр гъунэтIу дыкъызэрыхуэхъуамкIэ хъыбар езгъащIэу. Абыи, Iуэхур зыIутIр къыщIыгурыIуэм, къехьакI-нехьакI лъэпкъ хэмылъу кьыттпежьэн мурад иIэу, асыхьэтым и машинэмкIэ гъуэгу къызэрытехьэр кьыджиIащ. Телефоным кьиIукIа макъ жьгъырум зыхьызыгъащIащ зр зейр кьызэрыдэжьари, бгым дыкъехьиу, и «хэщIапIэм» гъунэгъу дыкъызэрыхуэхъуам зэрыщыгуфIыкIари.

Руслан кьыщытпежьэну жьыхуиIа бжьэпэм и тепIэр зыхуэдэр тхуэзэжьмыгъэкIыу, Шахэ и ижьырабгъу лъэныкъуэм Iут нэпкъхэр кIуэрыкIуэм тету нэхъ щIэтщIыкIащ. ИужькIэщ къыщыдгурыIуэжар, хьIуфэрыс адыгэ щIалэм, кьыщытIуащIэм папщIэ, «Абы» зыхужиIа лъагапIэр кьыщIыхьар: абдежращ, сыи уи щIыбэ хуэгъэзауэ псыхъуэм укъыщыдэкIуейкIэ, машинэ псынщIэхэм къатемыхьылъэуэ ущызэхэзекIуэ хъу асфальт тепхъуэр щиухыр. АдэкIэ гъуэгур быркъуэшыркъуэ мэхъу, псыр зыдэт ныджжэм щхьэщыт къуакIэбгыкIэхэми йохьэ. ИкIи а лъэныкъуэмкIэ километрищ хуэдизэ удэкIуеижмэ, мэз Iувым кьахэпIиикI кьыр дзэпкъхэм нэжэгужу къащхьэпрыплъ Джэгуэщ псы бгъунж цIыкIур Шахэ щыхэлъэдэж удзыпщIалъэ тепхъэм ухуэзэнущ.

Абдежыр и пэщIэдзэщ Сочэ къакIуэ зыгъэпсэхуакIуэхэм, иужьрей илъэс зыбгъупщIым кьриубыдэу, яфIэтелъыджэу, хуабжьу кьагъэнэхуа нэгузегъэужьыпIэм. Пэж дыдэу, абгъуэм кьилъэтыкIа бзу шырым хуэдэу, мы щIыпIэм кьытеофэразэ псы «нэфIэгуфIэм» иджыри укъримыхьэлIэ щIыкIэ, псэкIэ зыхьыбощIэ кьызэрымыкIуэу зы дахагъэ гуэр ипэкIэ кьызэрыппэплъэр. Бгы зэхуакухэм зыкъыдадзу, зыхуэзэ къырылъэ дзакIэхэмрэ мывалъэ сэтейхэмрэ 33-рэ къыщелъэ, 13-рэ тепхъэ щыхъу, а псом я гущIыIужкIи блэнейрэ джабэ нэкIуэхэм зыкъырызыгъэхьэх Джэгуэщ псы бгъунж цIыкIур кьызыдэунэхукI кьуэкIий дахэкIейм удэсышэ лъагъуэм къыщыщIэдзауэ, узыхуэзэ псори нэри пэри пфIэзыхьэхущ.

«ПсыкъелъэЗЗ» -м и дыхьэпIэм дež нэгуэгъэужьакIуэхэм кащыпоплъэ гъунэгъу къуажэхэм дэсхэм ерыскъыхэкI зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ сату щащI сатырхэр. ЗыгъэпсэхуакIуэхэр нэхъ дэзыхьэхщ щIыпIэ телъыджэм и Iэхэлъахэм щызэхуахьэс фор, щыщIаху санэр, щапщэфI адыгэ лъэпкъ шхыныгъуэхэр, нэгъуэщIхэри.

КъуэкIий цIыкIум апхуэдизу псыкъелъэ зэуэ кьызэрыщыунэхуам хуэунэтIауэ шапсыгъхэм хъыбар гъэщIэгъуэн иIэщ. Абы кIэщIу и гугъу фхуэтщIынщ: «Еуэри, еIэт жеIэ, адлэ пасэ зэманым щыгъуэ, Шахэ и тIуащIэ бгъуфIэм цIыхухэр Iуву дэсу щытащ. Ахэр зыр адрейм дэIэпыкъужу, зытес щIыгум телэжьыхьу, мамыргъэ я зэхуаку дэлъу, хьерымрэ берычэтымрэ зыщамыгъащIэрэ я хэку щIэращIэм кьещэ бийхэми зэдыпэлъэщу псэухэрт.

Зэгуэрым псыхъуэдэсхэм я щIыналъэм, кьыздикIари кьыздихуари ямыщIэу, зы иныжь еруужь гуэр кьищхьэрыуащ. Хьэщхьэвылъэжьым цIыхухэр зэтриукIэрт, ахэр зыдэс кьуажэхэр ихьунщIэрт, я хадэхэр иутэрт, пхъэщхьэмыщхьэ кьызэпыкIэжыг Iэрысхэхэр ифыщIырт. Абы, дауи, цIыхухэр кьигуэващ. ИкIи кIуэцIрыкъуэжьым зэрыпэлъэщым Iэмал кьалъыхъуэу щIадзащ. Къуажэхэм джакIуэ ягъэкIуащ, лIыгъэ зыхэлъу къэзылъытэж лIы Iэчлъэчхэр зы щIыпIэ гуэрым деж щызэхуэсыну кьыхурадджэу.

Ахэр щызэрихьэлIэм, пхъэидзэ ящIри, иныжьым дež зэуакIуэ кIуэнчр зэхэгъэкIащ. Зи «кIэн къикIар» Мыгу лакъуэм щыщ гъукIэ Iэзэм и къуэ ТхуэщIкIэ зэджэщIалэрат. Ар Шахэ и тIуащIэм дэс щакIуэ нэхъыфIхэм я пажэт.

ИныжьымебгъэрыкIуэн ипэ кьихуэу, щIалэ хахуэр и адэшхуэм епщIыхьащ. Къуэрылъхур нэхъыжьым игъэущийрт, и кьарумрэ и хахуагъэмрэ зэрыщыгугъым хуэдэ кьабзэу, бзаджагъэ-хьилагъэ гуэрхэми хуекIуэну. «КIуэцIрыкъуэжьым нэхъыбэрэ кьыщиущыхь бгы лъапэм деж фо кIадэ зыбжанэ щыгъэув, - кьыжриIащ адэшхуэм Гъуцl. - А ушхыныгъэм пищI зэрыщымIэм ар текIуэдэжьынущ. Iэфым бжьэхэр кьришэлIэнэрэ, иныжьыр ирахужьэнущ. АдэкIэ утемыплъэкъукIыу, Iуэхур и кIэм нэгъэс».

Дунейр кIыфIрэ нэм кьыщIэIэбэр имыльагъуу, фо зэрыт кIадэхэр щIалэм зэбгригъэувыкIащ. Гурыщхъуэ лъэпкъ зи щхьэ кьимыхьэ иныжьыр абыхэм щаригъэIэм, и IэшхуэжьитIыр хиIури, зэрызиуцIэпIыжри кьыфIэмыIуэхужу, шхыныгъуэ Iэфыр зыIуриIъэфэн щIидзащ. Ерыскъы гуакIуэм и мэм кьришэIа бжьэхэр кьызэдэпщIащ, арыххэуи иныжьым кьедзэжьэн щIадзащ.

Фохэх цIыкIухэм щыщIахуэм, кIуэцIрыкъуэжьыр кIийуэ зыпэгъунэгъу бгымкIэ зидзащ. ИкIи зыхуэзэа мэзылъэ джабэ нэкIум, лъэжъампIэшхуэхэр кьытринэу, дэжеин щIидзащ. Иныжьыр Iуащхьэ щыгум щихьэм, Гъуцl и джатэ кьихарат кьыпэплъэр...

Домбеижьыр зытеджэла кьыры тIуэу щызэгуэхум, абдежьм псы кьабзащэ кьыщызэпхиващ, и къуэпсхэр зэжэх джабэ нэкIум иныжьым кьытрина лъэужьхэр иритхъэщIэхьажьу.

Хъыбарыжьым хэта иныжьым пхигъэмба мывалъэ лъэхъуампIалъэхэм, кьат-кьату зэтет фIэкIа умыщIэну, кьелъэ псыпыху кьабзащэхэр зи нэгу кьыщIэувэ щIыпIапIэхэм аехр ноби яфIэтелъыджэщ...

Дэри Тхьэрыкъуахъуэ Руслан кьыщытпежьэну жьыхуиIа бжьэпэмкIэ къедгъэзэжьыжьынщи, гуп цIыкIум хэт дэтхэнэ зыми дигу кьэкIаращ: «Сытуи щIэхэщIэу кьытпежьат мы ди бысымыр?» ЩIыуэпсым хэтынкIэ дримыкъуа нэхъеI, бысымыр дэрэ дыщIэзэIущIэн хуей лъагапIэм кIэщIэлъадэ псышхуэм зэрыпэуэ иригъэщIам щIалэ цIыкIуэхэри дэри дызыIэпишат. Абдежым зыхэбгъэмбрууэнкIи ущесынкIи хъуэпсэгъуэт. Сэ зым фIэкIа къэмынэу, зекIуэ гупым хэтхэр, упщIи-уси кьыхамыгъахуэу, зы напIэ дэхьеигъуэм а куупIэм кьыхэхутащ.

Си закъуэ псыхъуэ сэтейм сыкьыгранащи, сольагъу: зы щIалэ гуэр дызыхуэпIуэ бжьэпэм къехащ, и лъакъуащхьэхэр дригъэджэрэзейри, адрыщIымкIэ псым кьыхьыхьащ. Ар зэры-Русланыр кьызгурыIуэнтэкъэ?! КьыщызэпрыкIым, сыхуэжIуэн щIэздзащ. Си щауэгъу-ныбжьэгъури зыхэльъэда псым къысхуепIэжкIыжу хэсти, зэхуэнэIуаситIыр дызэрыхьэхуэкIуэр къыщилъагъум, укIытэр зытригъакIуэри, фIэхъус зэхьынми зыкъырригъэхьэлIэу, псынщIэ дыдэу кьыхэжьыжащ.

НыбжьыщIэхэр, лъэс къажIуэныыр и кIэм зэрынэблэгъами, бысым диIэ зэрыхъуами апхуэдизкIэ щыгуфIыкIыщати, зэрызагъафIэр дагъэлъагъуну арат, сытми зыхэс псыр ягу пымыкI хуэдэурэ защIырт.

Ар зылъэгъуа Хьэбас щIалэ щIыкIуэхэм егуоуащ:

-Хъуни иджы, ауэрэ зывмыщIу, псым фыкъыхэкIи, мы къытхуэкIуэм фыкъыбгъэдыхьэ! - жиIэри.

Гъунэгъу кьэхъуа Руслан ар щызэхихым:

-ФынакIуэ, фынакIуэ! Гъуэгум и кIыхьатхкIэ мы псым зыщывмыгъэщIауэ ара, - жиIэри, нэхъыщIэхэм яхуэгуфIащ.

Абы иужькIэ, хьэлъэу тIыгъхэм ящыщ кьищтауэ, ар псым щызэпрыкIыжым, сыт тщIэнт, узихьэщIэм уеда1эуэ хуейтэкъэ, мыдрейхэр иужь диуващ...

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапщ1э.

«Мадоннэ» и псэр

● Тхылъыщ1э

«Мадоннэ». А фIэщыгъэр иIэу 2014 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ Щомахуэ Залинэ и рассказхэр, повесть, прозэу тха уэсэкр щызэхуэхьэса тхылъ. Зэуэ къыхэзгъэщынщи, пщащэм и тхыгъэхэм Iуэхугъуэ куэд къызэщIауэдыдэ. ИIэщ абы философие гупсысэ зыхэлъхэри, шыпсэ уэхуэкIэм хуэкIуэхэри, гъащIэм къигъэув упщIэхэм я жэуап узыгъэлъыхъуэхэри.

ЩIАГЪЫБЗЭ гъэщIэгъуэн щIыджьащ «Дыгъужьым имыгъэгъуар» рассказым. «ЯгъэIэсэу езым хуэдэхэм пагъэувыжьну» мэлыхьэхэм къапхъэнкIэ яубыда дыгъужь анэм, епщIыжакIуэ мыхъун папщIэ ажалир кьыхех - и пщэм иращIа кIапсэмкIэ зетхьэлэж. Яубыдат дыгъужьым и къуэри. «Пщэдей сыт сшхын жьсIэркъым, псори си хьэзырщ», - жиIэу гуфIэрт бын щхьэхьнэр. Анэм зыщIилэжа щхьэхуитыныгъэ дыгъужь шырым и Iумпэмт. «УебгъыжакIуэщ», - жиIащ ар кьыргъэльну дзэкIуа дыгъужь адэм. Быным кIуэжьын идэртэжьыми, адэм и шырым и псэр хихащ. Унагъуэр зимыIэж езыми кьурышпс уэрым зыхидзэжащ.

ГъэщIэгъуэну гъэпсащ «Нэхунэ» рассказыр. Данэ и нэм имыльагъуу дунейм кьытехьащ. Ауэ щыхъукIи, и гур апхуэдизу жанщи пщащэр куэдым хуэIэкIэльъакIуэщ, «и Iэпхэр и гъуджэщи» и теплъэри ещIэж. «СызэрыцIыкIурэ згъэзI си щхьэцIыр кIыхьышхуэщ, си набдзэ псыгъуэм нэм зыкъыдегъэшI, си нэбжьыщыр Iувщ...Си пэр цIыкIущ, Iупэр баринэщ, сыт щыгъуэ Iэпкъльэпкъым хуэфIыпс щыгъын сщыгъ», - жеIэ хъыджэбзым. Данэ и нэхэм ящIэлъын хуеи нэхур и гум щызэтрихьэу, гуапагъэ мыкIуэщIыр из хъуами ярейщ - анэм, адэм, дэлъхум, гъунэгъу хъыджэбзым щатепсэлъыхькIэ псэ хуабагъэ хэлъщ. КьызэрыгъэкIыжьым, дауи, пщащэм и лъагъуныгъэр. Алим и пащащэм итхьэкъуащ. Ер кьызэрыкIыр Алим и анэм жиIарщ: «Адыдыд, Алыхьым жимыIэкIэ, нысэ нэфт иджы дэ кьытхуэтыр...». Алимрэ Данэрэ абы зэкIричащ, залымыгъэкIэ кьуэм нэгъуэщI кьригъэшащ. Ауэ анэм и псалъэ гуемыIуэхэр Алим дежкIэ кьекIэрэхъуэкIащ - абы зи нэм имыльагъу щIалэ щыкIу кьыщIэхъуащ. Мыгурыуэгъуэр щIалэм зыщIитхьэлэжарщ. Езым фIыуэ ильэгуатэкъэ хъыджэбз нэф, дагъуэ лъэпкъи абы химыльагъуэу. АтIэ, езым кьыхуэныкъуэ псэ псэ кьабзэ цIыкIу дунейм кьытриутIыпщхьэу щхьэ зиукIыжрэ, щхьэ жэуапIыныгъэ щызыхимыщIэрэ быным и деж? Абы лIыгъэншафэ кьытрегъауэ нэхъапэм диту дыхьа щIалэм.

Данэ и нэхэр къэплъэжу, сымаджэхэм я узыр ящхьэщихыф хъуа нэужь, игъэхъужащ Алим и анэри, кьыщIэна щIалэ цIыкIури.

«Псэ зиIэм уэрэд жеIэ» хуищIащ эпиграф «Мадоннэ» рассказым. Тхыгъэм псэ хуабагъэу хэлъыр щыбольагъу тхакIуэм кьигъэщIа образхэм я деж. Мэржан, Уэсмэн, Инали гъащIэм ириудэкIыу унэншэу кьэнащ. ТхакIуэм кьегъэльагъуэ апхуэдэхэр я теплъэкIэ бзлэбанэми, я псэм узыIэпшIэу нур гуэр зэрыщдахьымэр. Абы гу лъызытэнури гущIэгъу зиIэ цIыхуэр. Кьыхигъэхьащ тхакIуэм а щIэлъыфэм хуэфэщэн лIыхъужьи - сурэтыщI щIалэ цIыкIур. Образ, сюжет ухуэкIэ и лъэныкъуэкIэ «Мадоннэ» рассказыр тхылъым кьыхощхьэхуКI. Мыбы хэлъ гупсысэхэр нэщIысащ, тхакIуэм и зэфIэкIым зэрыхэхъуам и щIыхьэту.

Философие гупсысэ бзыгъэ ящIилъхьащ тхакIуэм «Псэкъэ» теплъэгъуэм, «Анэ» новеллэм. Мыхэр узыгъэгупсысэщ, узыущийщ, фIым укъыхуезыджэщ.

Куржы-абхъаз зауэр лъабжьэ хуищIри, Щомахуэм кьигъэщIащ «Псэм и пэ - напэ» повестыр. «Адыгэ щIалэ куэд хэкIуэдащ куржы-абхъаз зауэм, ауэ абы гъащIэ зритар нэхъыбэжщ...» - тхыгъэр зэриуст псалъэхэм тхакIуэм кьиIуатэ гупсысэр щIалъэбдзэ.

Уиэщхьеинумэ, гугущIэсэнумэ, гъащIэм ущыгуфIыкIыжьынумэ прозэу тха усэхэр щIэбджьыкI хьунущ. Ахэр гъэнщIащ тхакIуэ ныбжьыщIэм и кьалэмыпIэм кьыпылъэт адыгэбзэмкIэ, цIыхупсэр зэрихъумэну гупсысэхэмкIэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

НэхъыфIхэр иджы утыку къохьэ

● Футбол

Гъатхэпэм и кIэухым щIэзыдзэжьну Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм зыхуэзэгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм Краснодар крайм щыIэ Абрау-Дюрсо щIыпIэм зыгъэсэныгъэхэм я зы Iыхьэр къыщырахьэлIэри взэсэмахуэ къекIуэлIэжащ.

КъЕЖЬЭЖЬН ипэкIэ ди щIалэхэм зэныбжьэгъуэ зэIуущIэ «Краснодар-2»-м драгъэкIуэкIащ. «Спартак-Налшыкми» хуэдэу ар етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм щоджэгу, арщхьэкIэ зыхэт япэ гупым щаIыгъэ зэкIэ еянэ увыпIэращ.

Абрау-Дюрсо щIыпIэм нэхъапэIуэкIэ щрагъэкIуэкIа адрей зэныбжьэгъуэ зэIуущIым къащхьэщыкIыу (Крымск и «Витязь»-м 3:0-у текIуащ, Краснодар и «Кубань»-м и щIалэгъуала гупыр 2:1-уэ хагъэщIащ) ди тренерэхэм иджы нэхъ къагъэсэбэпар командэм и футболист нэхъыфIхэращ. Япэ дакьикъэхэм щIэгъэжьауэ джэгупIэ губгъуэм кьихьащ Городовойр, Мэкъуауэр, Васильевыр, Каркаевыр, Къуэныр, Гузь, ДыщэкIыР,Ахриевыр, Бажэр, Гугуевыр. ИужькIэ абыхэм дыщIагъужащ КIыщымрэ Гъурфымрэ.

Топ джэгуным хуэзэша ди щIалэхэм псынщIэу зрачащ икIи дакьикъэ пщыкIутI дэкIаУэ арат «Спартак-Налшыкым» и капитан Бажэ Амир бжьыгъэ кьыщыщIэуихам. АдэкIи ди щIалэхэр нэхъыфIащ, арщхьэкIэ бжьыгъэ зэрыэбэгъуэну яхузэфIэкIакъым.

Загъэпсэхуауэ къыщиихэжым налшыкдэсхэм я футболист зыбжанэ яхъуэжащ. Ар кьаГъэсэбэпри, я хьэрхуэрэгъуэм бжьыгъэр зэхуэдэ ящIыкащ: «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэтет Городовойр гъуэм жьыжьэу кьызэрыдэкIар зыльэгуэ хэгъэрейхэм я гъащIэкъуэм абы топыр щхьэпридзащ - 1:1.

Жьы щIэту узэсышхуэ кьызэрезгъэкIуэм командэхэм адэкIэ зригъэужьакъым. Абыхэм зэхуэарэзыуэ джэгур зэрытемыгъэкIуэным хуагъэкIуащ.

ЖЫЛАСэ Заурбэч.

● Хъуэхъу

Едыдж Нихьэи илъэс 70 ирокъу

Хэхэс гъащIэр зыгъэунэхуауэ адэжь щIыналъэм и кузщI къитIысхьэжахэм ящыщ, Къэбардей Адыгэ Хасэм и Нэхьыжьхэм я советым хэт, псапащIэ Едыдж Нихьэи и ныбжьыр нобэ илъэс 70 зэрыриикIэ дохъуэжьу.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЗыбчъэтыщIэ Iуэху щхьэпэ зэтриублауэ Налшык щопсэу Нихьэи, и бынунагъэ дахэр кьепщIэнщIэкIарэ и Iэгу и Iэнэу. Абы и Iэр зэдынэмысрэ и гур зыхуэмыгуапэрэ щыIэу кьыщIэкIынкъым, курыт школхэм, интернатхэм, цIыху щхьэхуэхэм сыт щыгъуи ядоIэпыкIу.

Нихьэи и гум и кьабзагъэм и дунейр дэщIэращIэу, и бынунэм я хьэр ильагъуэр мураду ищIыр кьехъулIэу, и фIыр хуэбгагъуэрэ ейр пэIэщIэу иджыри илъэс куэдкIэ псэуну Тхьэм жиIэ.

Къэбардей Адыгэ Хасэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Сом мин 13 и уасэ

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыIэм и лъэныкъуэкIэ къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым яубыдащ Поповым и уэрамым «Газель» автомашинэм дэфтэрэхэмрэ жьыл телефонрэ зыдэлъ щIыхубз сумкэр кьридыгъуkIауэ щэч зыхуащIыр.

ХЭЩIЫНЫГЪЭР сом мин 13 мэхъу. Яубыдар нэхъапэми мызэмытIэу суд зытращIыхьа илъэс 36-рэ зи ныбжь налшыкдэсыщ.

* * *

А махуэ дыдэм полицэм и кьалэ управленэм и лъэныкъуэкIэ яб-зыхуащI «Фотон» хьэлъэшэ автомашинэм щыдыгъуауэ щэч зыхуащIыр. Ар нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта илъэс 35-рэ хъу Налшык щыпсэурщ.

ЦIыхуХУМ мы гъэм и щIыщылэм къидыгъуащ сом мин 16 и уасэ автомобиль аккумуляторыт.

Яубыдам зиумысыжащ. Ар апхуэдэ нэгъуащI щIэпхъаджагъэхэм пыщIамэ зэхагъэкI.

Наркотикхэкl игъэхьэзырырт

Урысей МВД-м и «Аруан» къудамэм и лъэныкъуэкIэм Репинэ уэрамым къалэным щрахьэкIыу бгынэжа щхьэзакъуэ унэм наркотикхэкI щигъэхьэзыру яубыдащ нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта илъэс 35-рэ зи ныбжь нарткъалдэсыр. Абы къытрахащ къэкIыгъэ вещество зэрылъ полимер пакетит, зищIысыр мыгурыIуэгъуэ состав зыщIэзыфа тутынхэр.

ИРАГЪЭКIУЭКIА экспертизэм кьызэригъэлъэгъуамкIэ, къаГуэта веществохэр марихуанэ граммэ 349-рэ гашиш дагъэ грамм 1,25-р наркотикхэкIщ.

ЦIыхухъур яубыдащ, угловнэ Iуэху кьаIэтынущ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкl министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1анl1э.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьокIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэцэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я щхьщIэр

360030, Къэбардей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозреватели эм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм я ядолэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэдэжьныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехьэм жиу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъум.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэтлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мазаем и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныжьмкIэ Къэбардей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДышэкI Соня, редактору Нэщ1эпыджэ Замирэ, корректорхэр Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытыкI Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Мырэзкан ФатIимэ.** *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Мариэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елажьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №209